

swaratama

Mbangun Kuncaraning Basa, Sastra, lan Budaya Jawa

Budaya Jawi Tumrap Pendidikan Karakter Bangsa

GRENENGAN
Dhialek
Dadi Basa

CERKAK
KIAI
PANELUK

KOMIK
Supatane
Begawan Sukra 7

DITERBITKE
DENING
BALAI BAHASA
JAWA TENGAH



Nguri-uri Situs Liyangan

Ora becik nglalekake sejarah

Pesenan iki diaturke dening :
BALAI BAHASA JAWA TENGAH

Blencong

Sastra Pesisiran


Dening : Kustri Sumiyardana

Wiwit biyen racake karya sastra ditulis ing kraton minangka punjering kabudayan Jawa. Nanging, pranyata kasusastran kuwi ora mung dipunasilake ing kraton. Akeh karya sastra kang diasilake ing sajabaning kraton.

Karya-karya kang katulis ing sajabaning kraton ing antarane ditemokake ing tlatah pesisir. Mula, banjur kaprah disebut Sastra Pesisiran.

Sastra Pesisiran kaperang dadi loro, yaiku Sastra Nonpesantren lan Sastra Pesantren. Sastra Nonpesantren akeh kang disebarake para dhukun lan dhalang. Jinising karya sastra iki umume banjur dadi jimat, upamane kanggo ngedegake omah, upacara manten, lairan, lan sapanunggalane. Conto sastra jinis iki kang sumebar ing masyarakat yaiku *Kidung Rumeksa Ing Wengi* lan *Serat Paras*. Umume jinis sastra iki nggunakake tembang macapat kaya kang kaprah ing kraton.

Dene, Sastra Pesantren sumebar ing pesantren-pesantren. Umume karya sastra jinis iki diripta dening para Kyai kang ngasuh pondhok pesantren. Karya Sastra Pesantren bisa ditengeri saka (1) tuwuh ngrembaka ing kalangan pesantren; (2) Sumbere saka Al-Quran, hadis, sirah nabi, lan cerita-cerita agama Islam; (3) ngrembaka sawise taun 1800-an; (4) nggunakake basa Jawa kang



diselingi tembung-tembung Arab; (5) ditulis nganggo aksara Arab kang diselarasake karo basa Jawa, sing disebut aksara pegon; lan (6) nyebare awujud tulisan tangan utawa lesan kanthi cara dilagokake nganggo wirama tartamtu.

Salah sawijining karya sastra sing ngrembaka ing pesisir awujud puisi kang disebut singir. Singir kuwi puisi kang kaprabawan saka Arab.

Tetengere puisi kuwi saben pada ing singir cacache namung rong gatra. Banjur saben rong gatra duwe swara kang padha. Contone karya sastra singir yaiku *Singir Ngudi Susila*, *Singir Mitra Sejati*, *Singir Sekar Melati*, *Singir Sekar Kedhaton*, *Singir Mawar Putih*, lan *Singir Sekar Cepaka*.

Sugeng Rawuh

Pak Tirta

WARA-WARA

Redaksi nampa tulisan saka para maos. Tulisan bisa kakirimake liwat email majalah.swaratama@gmail.com utawa dikirim menyang alamat redaksi, Balai Bahasa Jawa Tengah Jalan Elang Raya nomor 1, Mangunharjo, Tembalang, Semarang 50272. Tulisan kang kapacak bakal entuk bebungah saka Balai Bahasa Jawa Tengah

swaratama
majalah basa jawa

*Mbangun Kuncaraning Basa,
Sastra, lan Budaya Jawa*

Jare wong-wong tuwa,
urip kuwi kaya cakra
manggilingan. Tegese,
urip kuwi kaya rodha
kreta. Pancen, urip kuwi
kaya ubenging rodha
kang kadhang kala ana
ing ndhuwur, kadhang
kala ana ing ngisor.
Kadhang kala nemoni
bungah, kadhang kala
nemahi susah.



Kuwi mau wis kodrat saka Kang Mahakuwasa. Nanging, saliyané ngemu teges yèn urip kuwi kadhang kala ing ndhuwur kadhang kala ing ngisor, paribasan kuwi uga menèhi sasmita manawa urip kuwi terus lumaku kaya kaya rodha kreta kang ngglinging. Dadi, apa wae ing ndonya iki tansah obah mingser kaya kang wis dadi kodrate.

Mangkono uga jabatan uga ana wanciné gumanti. Durung suwe iki ana owah-owahan pimpinan ing Balai Bahasa Jawa Tengah. Drs. Pardi, M.Hum dipindhah menyang Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, dene kang ngganti Dr. Tirta Suwondo, M.Hum. kang maune dadi kepala Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta. Dadi, antarane Pak Pardi lan Pak Tirta bisa dikandhakake mung ijolan panggonan.

Anane pangarsa anyar iki nuwuhake pangarep-arep. Bisoa Pak Tirta ngundhakake kinerja Balai Bahasa kang luwih becik maneh, mligine ing panggulawenthahing basa lan sastra Jawa. Satemene ing babagan iki sepak terjange Pak Tirta ora dipaido maneh. Nalika ing Balai Bahasa Daerah Istimewa Yogyakarta, maneka warna karya Jawa kang diterbitake, kalebu majalah Jawa Pagagan. Ayahan kang kaya mangkono muga-muga bisa ditularake ing Jawa Tengah.

Pungkasane atur, redaksi Swaratama mung ngaturake sugeng rawuh, Pak Tirta. Sugeng ngayahi jejibahan ing Jawa Tengah. Muga-muga kanthi pimpinan Pak Tirta, Balai Bahasa Jawa Tengah anggoné nggulawenthah basa lan sastra sang saya ngrembaka. Muga-muga.

SUSUNAN REDAKSI

Penanggung Jawab : Dr. Tirta Suwondo M.Hum ~ **Pemimpin Utama :** Drs. Suryo Handono, M.Pd ~ **Pemimpin Redaksi :** Kustri Sumiyardana, S.S., M.Hum ~ **Sekretaris Redaksi :** Sunarti, S.S., M.Hum ~ **Reporter :** 1. Drajat Agus Murdowo, S.S., M.A, 2. Trimana Laksana, 3. Akhid Anshori Setiawan, A.Md ~ **Redaktur Pelaksana :** 1. Yan Tohari, 2. Widiyartono ~ **Redaktur :** 1. Bambang Sulanjari, M.A., 2. Mochammad Fikri, S.S., 3. Tri Wahyuni, S.S ~ **Desain Grafis dan Tata Letak :** Danang Ardianto ~ **Ilustrasi :** Ahmad Rofiq ~ **Keuangan :** Lungid Ismoyo Putro, M.H ~ **Sirkulasi :** 1. Lely Siti Fatimah, S.E., M.Si, 2. Slamet Priyono, S.E., 3. Agus Sulistyo.

DAFTAR ISI

BANYUMASAN

Dopokan
Sekang Ratan
Penginyongan



8

Inyong ésih kélingan nalikané swargi bapané inyong ajak-ajak kon ngapa kaya kuwé, mesthi nganggo tembung “ayuh”. Bapané inyong wong Kroya gél, sejegé lair gutul gedhé ya neng Kroya. Ulih bojo wong Banjarnegara, sing wis genah kuwé anu biyungé inyong. Si biyung béda maning anggeré ajak-ajak. Mesthi si biyung ngujar “majoh”.

10

KUDUSAN

GUNUNG MURIA

Odhak Muk Nyekar, Namik Uga Ngadhem

Jujukan kanggo plesir ndhok Negara Kudus, sing misuwur ngaruara kawit sengen, orak muk Menara lan pesarean Sunan Kudus Raden Djakfar Sodiq -- sing nggone ana ndhok Kudus Kulon. Ogak ana sing kelah, nek Gunung Muria, uga diunekna kampiune panggonan piknik.




14

Nintingi Novel Tegalan Meradang
Anggitané Lanang Setiawan

TEGALAN

Ana sijining novel nganggo basa kias, dhialek Tegalan kang ditulis adening Lanang Setiawan. Novel kuwé irahané Meradang. Sekang irahan “Meradang” njlètrèhaken kahanan katresnan sing mengharu biru, tangis memedih, kelangan, lan pengkhianatan campur adhuk dadi siji ning epos sing kebak hiruk pikuk. Ciri khasé karyané Lanang Setiawan katon mbangeti. Dhialek Tegal sing kenthel lan panganggit sing mesthi ngatutaken tanggal Hari Sastra Tegalan yakuwé tanggal 26 Nopember.



Rukun Iman Ing Naskah Kraton Ngayogyakarta

16

Ing Kraton Ngayogyakarta ana naskah kang ngandharake babagan rukun iman. Naskah mau kanthi nomer W321 lan W322 ing bendhel Serat Kaklempakan. Diarani Serat Kaklempakan amarga naskah mau ngemot pirang-pirang teks, kayata Serat Waosan Puji, Suluk Purwadusina, Suluk Fatimah, Kidung Rumeksa Ing Wengi, Puji Dina Pitu lan liya-liyane.

KABUDAYAN

18

Budaya Jawi Tumrap Pendidikan Karakter Bangsa

Abad kaping X, nalika tanah Jawi iringing Wetan dipunpangarsani dening satunggaling nata agung: Sri Mahārāja Sri Dharmawangsa Teguh Anantawikrama Uttunggadewa, wonten kadadosan ingkang penting sanget tumrap jagading kasusastran Jawi, mliginipun sastra Jawi Kina.




CRITA CEKAK

22

Kiai Paneluk

Tangga teparo lagi bae padha pamit mulih sawise tahlilan kanggo ngirim arwahe Bapak sing kapundhut patang puluh dina kepungkur. Mripat sing mau-mau luyup saiki malah ilang rasa aripe. Sairing rumambate wektu swasana tintrim mbaka sethithik nggubet seping wengi.



26

WACAN BOCAH

Rahasiane Toni

Ing sekolahane, Toni ngono klebu salah sawijining bintang kelas. Bola-bali bocah sing rambute dipiyak pinggir kuwi mlebu tiga besar ing kelase. Kahanan kaya mangkene tansah nuwuhake pitakonan ing atine Wawan, kanca nunggal kelase Toni.

GEGURITAN

28



MACAPAT


31



GRENENGAN

32 Dhialek Dadi Basa, Bisa Ora?

Sawise Kongres Bahasa Jawa (KBJ) kagelar makaping-kaping (saora-orane nganti taun 2016 iki wis kaleksanan kaping 6), ana sebageyan dhaerah ing Jawa Tengah lan Jawa Timur kang ora sarujuk yen basa ing dhaerahe dianggep basa Jawa dhialek, kayata dhialek Banyumas lan dhialek Osing. Racake dheweke ora trima, yen basane mung dianggep dhialek saka basa Jawa.



JAJAH

33

Petirtan Dewi Sri ing Magetan Digunakake Kanggo Sesuci lan Pengairan

Menawa wae akeh sing durung ngerti yen Kabupaten Magetan ing Provinsi Jawa Timur akeh nyimpen situs-situs kang ngandhut sejarah sing mtigine tinggalan saka jaman Hindu-Budha.

Dopokan Sekang Ratan Penginyongan

Dening : Jefrianto

Inyong ésih kélingan nalikané swargi bapané inyong ajak-ajak kon ngapa kaya kuwé, mesthi nganggo tembung “ayuh”. Bapané inyong wong Kroya gé, sejegé lair gutul gedhé ya neng Kroya.


Ulih bojo wong Banjarnegara, sing wis genah kuwé anu biyungé inyong. Si biyung béda maning anggeré ajak-ajak. Mesthi si biyung ngujar “majoh”.

Antarané si bapa karo si biyung ya kerep béda goli nganggo tetembungan. Inyong sing mung ngrumangsani bocah, sing gari trima derumat ya nampa baé tetembungan kuwé apa anané. Inyong mung ngerti sebabé, ora liya ya merga si bapa wong Cilacap déné si biyung wong Banjarnegara.

Umur 18 taun inyong mangkat maring Yogja. Critané si inyong arep kuliyah. Jéré si biyung, “Ngonoh sekarepé ko goli sekolah. Ngendi baé kena!”. Ya wis inyong milih kuliyah neng Yogja baé, mlebu jurusan bahasa dhaérah neng Universitas Negeri Yogyakarta (UNY).

Sejegé kuliyah, inyong dewarahi rupa-rupa ngenani basa Jawa. Ya sekawit kuwe inyong nembe ngreti lamona basa Jawane wong Yogja-Solo kuwé sing dadi basa resminé wong Jawa. Cara-carane ya basa kuwé dadi basa persatuané wong Jawa.

Ningén inyong dadi kélingan jamané inyong esih bocah. Guru basa Jawané inyong ora tau ngomongi lamona basa Jawa cara Yogja-Solo kuwé sing dadi basa resminé wong Jawa. Ya nganti umur 18 taun kuwé kenangapa inyong koh ora tau ngreti dénéng tetembungan neng pelajaran basa Jawa nganggo “kepiyé” senajana unggal dina inyong goli ngomong nganggo tetembungan



“kepriwé”.

Sesuwéné manggon neng Yogja, inyong ketemu rupa-rupa bocah. Ana sing sekang Temanggung, Tegal, Klaten, Mediun, Ponorogo, Banyuwangi, lan Blora. Lha ya anggeré dearani kuwé wongé dhéwék kabéh, wong Jawa kabéh. Ningén inyong gumun pisan bosanu ngrungokna basané padha. Jan, rupa-rupa temen jané wong Jawa kuwé. Kaya kancané inyong sing sekang Blora, detakoni bapaké pahal neng endi malah semaur “bapak-em kerjané neng PDAM.”. Dénéng ana em-é mbarang? Gothaké atiné inyong kuwé tegawa taunan lawasé. Nganti inyong mbalik

manggon neng tlatah Penginyongan. Rasa gothak kuwé ora ilang baé. Apa maning sekawité inyong olih bojo wong Banyumas, tetembungan sing tektampa lewih ngané-anéhi. Ana “poran”, “cempuleké”, “kayong” lan sepituruté. Kabéh mau ya tektampa baé. Apa anané. Tekanggepé ya kuwé, nggo tambahan kosakatané inyong.


Ngangsi sewijiné dina inyong mikir, sing arané Penginyongan kuwé ya wujudé rupa-rupa. Antarané Cilacap karo Banjarnegara ya wis béda. Kuwé baé lamona tembé ngomong Penginyongan. Apa maning ngomong Jawa Raya. Budaya

Curug Kembar Banyumas

Wisata Batu Raden



sing jeremongé tuwa pisan kuwé ya rupa-rupa ora karuhan akehé. Ana cara utawané gagrak Penginyongan, Semarang, Surabayan, Bloran, lan sepituruté. Kuwé mau gawé inyong mikir dina-dina. Inyong ngangsi butul dudutan utawané kesimpulan lamona jan-jané Jawa kuwé sugih pisan. Jawa sing mau-mauné puseré neng Yogja-Solo, neng pendelengané inyong sekiyé wis béda. Wong ulih ngarani puseré Jawa kuwé Yogja-Solo. Ningen, kesunyatan Jawa



kuwé rupa-rupa wujudé ora bisa deilari. Inyong dhéwék uga yakin, Jawa gagrak Semarang kae mesthiné ésih akéh rupa wujudé. Kaya dené Penginyongan sing ana gagrak Banyumasan, gagrak Cilacap, gagrak Mbumén, lan sepituruté. Pikirané inyong sekawit nemu dudutan kuwé malah sengsaya nglayang. Inyong mikirna ujaré Éyang Mpu Tantular, “Bhinnéka Tunggal Ika”. Najan rupa-rupa, ning ya tunggal uga. Pengrasané inyong slogan bangsa Indonesia kuwé pancéné rembes mbalung sungsum neng awaké wong Indonesia. Negara sing wis 72 taun suwéné goli madég kiyé duwé watek bhinnéka tunggal ika ngangsi bagéyané sing paling cilik. Inyong nembé ndeleng ruh Bhinnéka Tunggal Ika kuwé nganggo sudut pandang basa. Semesthiné ruh Bhinnéka Tunggal Ika kuwé ya mbalung sungsum, ngrembes maring ngendi ora neng njero negara kiyé. Sekang kéné, inyong mocap sukur maring kahanan sing rupa-rupa sekiwé-tengené inyong. Kahanan sing rupa-rupa kuwé marahi dunya dadi warna-werni, dunya sing éndah dedeleng minangka nugraha sekang Sing Kuwasa. Ningen, inyong ora bisa merem nalikané rupa-rupa wujud kuwé gawé dredah sing ora nana rampungé tekan sekiyé. Negara sing duwéni gegaran “persatuan” kiyé sengsaya deorag déning wong-wongan sing wateké ala. Alah ya belih, jené inyong péngin ngujar kaya kuwé. Inyong minangka wong Indonesia, minangka wong Jawa, minangka wong Penginyongan ngupayakna, paling ora nggo awake inyong dhéwék, ndeleng kesunyatan sing béda-béda kiyé minangka nugraha sekang Gusti kang murbéng dumadi. Muga-muga akéh wong sing nduwéni pendelengan kaya kiyé, utawané ya muga-muga akéh sing nduwéni pendelengan sing lewih maén, lewih mayar nggo ndeleng kesunyatan sing warna-werni kuwé. Alon-alon tulisan kiyé tekrapungna. Ana tangan sing gemeter, ngelingani jaman bocahé sing ewis ora bisa bali. Ana wewayangan sing nglayang, sing tansah dekangeni.

Puraketa, 2017

*Guru Basa Jawa SMK Kesatrian Puwokerto
manggon neng tlatah Baturraden



GUNUNG MURIA

Odhak Muk Nyekar, Namik Uga Ngadhem

Jujukan kanggo plesir ndhok Negara Kudus, sing misuwur ngaruara kawit sengen, orak muk Menara lan pesarean Sunan Kudus Raden Djakfar Sodiq - sing nggone ana ndhok Kudus Kulon. Ogak ana sing kelah, nek Gunung Muria, uga diunekna kampiune panggonan piknik.

Muria, sing miturut para ahli, sengen mawujud dharatan kapisah teka Pulo Jawa. Gunung Muria sing kira-kira njebluk ndhek abad 9 Masehi kepungkur, lan ndandekna nemplek karo Jawa. Lelesan sembarang njebluke Muria, sing jaman dhudha makdhudha diparapi Gunung Maura, nguruk segara sing ana sakkidule. Ngantek puleh dadi dharatan. Sekiye gunung iku isa diunekna gunung

cilik, dhuwure muk 1.602 meter dpl. Nyekangkang kawit wetane Jepara, sak lor-e Kudus, ngantek lor kulon-e Pati. Kaya dene dadi "pagere" Kudus, Jepara, lan Pati. Odhak pateka gedhe, naming Gunung Muria luweh misuwur teka gunung sing luweh duwur utawa gedhe. Ngomongna Gunung Muria, ndhok isi ndhase wong mberah akeh-akehe sing dikarepna orak liya kejaba tlatah sing utamane mlebu Desa Colo, Kecamatan

Dawe, Kudus. Kok isa ngono? Merga, ndhok desa iku ana pesarean Sunan Muria Raden Umar Said. Panggonan pesarean salah sijine Wali Sanga iku ana ndhok dhataran sing dhuwure orak luweh teka 800 meter dpl. Orak pateka angel nek ape munggah ndhok pesarean iku. Kanggo wong-wong sing ngirit dhuwit, kuat awake, utawa ngiras-ngirus gerak badan, isa lewat ambalan. Ndhok kiwa tengene ambalan,



kit ngisor ngantek pol ndhuwur pas ngarepan mesjid utawa panggonan pesarean, kebak warung lan kios. Dadi ogak semang kasaten lan ngeleh, apa neh karep nggawa muleh oleh-oleh. Kepengen ngrasakna mangan sing ndhok nggon liya orak ana, isa ngincipi pecel pakis. Pecel sing jangananane nganggo godhong pakis, sing arupa kaya dene suket, thukul karepe dhewe ndhok ngalas. Pecel, kala-kala, uga dijangkepi janganan siyem utawa jipang. Lan, nek karep nggawa muleh oleh-oleh, ana gedhang byar (gedhang sungu) lan jeruk

pamelo. Menawa sing ngarepna, suk ndhek nduwe anak dadi ayu lan bagus rupane uga resik kulite, harene wong-wong Colo, isa suku parijatha. Buwah sing rupane abang nom lan luweh cilik teka salam, hare-harene nggawa kasit kaya sing kasebut ikut mau. Buah teka wit sing urip karepe dewe ndhok ngalas, dedeke sing pol dhuwur sakdedeka uwong, meh mbendina didhasarna ndhok sak ubengane Colo. Sekiye wis mberah sing mbudidayakna wit parijatha, kanggo maesi omah.

Banyu anjlok
Monthel sing ana
ndhok Colo. Ndhok
Desa Dukuh
Waringin, kira-kira
1,5 Km. teka Colo,
hurung suwe uga
dibukak banyu anjlok
Gedung Gender.

Kanggone sing awake ogak pateka kuat mlaku munggah, isa numpak montor ojek. 24 jam ojek odhak tau ana pedhote, dha manggok ndhok Terminal Wisata Colo, ngenteni para penziarah. Ongkos montor ojek mangkat lan mbalik Rp 20 ewu. Wulan Ruwah, Sapar, ngantek Mulud wayah rame-ramene penziarah dha teka ngalap berkah ndhok pesarean Sunan Muria.

Adhem Hawane

Kejaba Muria ngaruara kesuwure merga pesarean Sunan Muria Raden Umar Said, sejatine kawit jaman (penjajahan) Walanda, wis dadi panggonan plesir. Miturut wong-wong tuwa ndhok Colo, tahun 1926 Walanda nggae gedhong kanggo nyanggrah, mula ngguri-nggurine gedhong kuwi diparapi Pesanggrahan. Wong-wong Landa sing nyekel negara ndhok Kudus, utawa Jepara, lan Pati, uga sing dha mbotgae ndhok pabrik kaya PG Rendeng (sengen arane Rendeng Suiker Fabriek) Kudus nek dha butoh piknik ya ndhok Pesanggrahan Colo. Nek wayah prei, para Landa dha ngadhem ndhok kono. Orak pateka adoh panggonan Colo, teka Kudus kira-kira 19 Km lan nek teka Pati luweh cekak yaiku 16 Km. Pesanggrahan, sakwise Indonesia merdika, tiba dadi hake Pemkab Kudus. "Nek dak keliru, kira-kira tahun 2007, gedhong Pesanggrahan dibrukna lan




Srengenge angslup
ndhok gegere Gunung
Muria, didelok teka
gunuk Puteran, Desa
Colo.

disulap dadi gedhong anyar, lan arane diowah dadi Hotel Graha Muria ngantek sekiye," ucape Kepala UPT Objek Wisata Disbudpar Kudus, Mutrikah, S.H. Colo lan desa-desa sakubengane ancen ditetepna karo Disbudpar dadi panggonan jujukan piknik.

Wit-witan ndhok pekarangane kawula mberah utawa sing urip ndhok ngalas, ndhok gunung iku (Colo lan desa-desa sak ubengane) ijeh ketok rapet lan ijo. Ndadekna adhem nek dideloki mata, lan ngresep kepenak ndhok njerone ati. Apa neh kaya banyu anjlok Monthel, sing wis welasan tahun dipercayakna Perhutani karo partikelir. Karcis kanggo mlebu lan ndelok banyu anjlok iku Rp 7.500 sak uwong. Iku beda karo banyu anjlok ndhok Kedunggender, Desa Dukuh Waringin sing diupakara karo para kawula ndhok kono, orak netepna karcis. Mutrikah njlentrehna, Pemkab netepna karcis kanggo mlebu jujukan piknik Colo, narike ndhok gerdu jeplakan kulon sing ana ndhok Dukuh Pandak, Desa Colo lan gerdu jeplakan wetan ndhok Desa Dukuh Waringin. Ana telung karcis sing dilakokna, yaiku karcis kanggo wong plesir, asuransi, lan parkir. Karcis iku ditetapna karo Perda Kudus.

"Karcis kanggo wong piknik Rp 1.700 sak uwonge, iku nek dina-dina lumrah. Nek dina prei utawa tanggal abang Rp 2.200

Ambalan andha kanggo dalan para penziarah sing mlaku, mungga ndhok pesarean Sunan Muria.



'Nek dak keliru, kira-kira tahun 2007, gedhong Pesanggrahan dibrukna lan disulap dadi gedhong anyar, lan arane diowah dadi Hotel Graha Muria ngantek sekiye,"

sak uwong. Kabeh wis mlebu kanggo asuransi sing sak uwonge Rp 200. Lan montor rodha papat gedhe Rp 5.000, montor rodha papat person Rp 2.500, montor rodha loro Rp 1.000," unine Mutrikah. (Prayitno)



Sisa-sisa segara sing misahna Pulau Muria lan Jawa. Gambar teka ANRI (Arsip Nasional Republik Indonesia).




Buwah hasil bumi Gunung Muria sing didhasarna para bakul ndhok Colo.



Mintingi Novel Tegalan **MERADANG**

Anggitané Lanang Setiawan



Ana sijining novel nganggo basa kias, dhialek Tegalan kang ditulis dening Lanang Setiawan. Novel kuwé irahané Meradang. Sekang irahan “Meradang” njlètrèhaken kahanan katresnan sing mengharu biru, tangis memedih, kelangan, lan pengkhianatan campur adhuk dadi siji ning epos sing kebak hiruk pikuk. Ciri khasé karyané Lanang Setiawan katon mbangeti. Dhialek Tegal sing kenthel lan panganggit sing mesthi ngatutaken tanggal Hari Sastra Tegalan yakuwé tanggal 26 Nopember.

Novel Meradang klebu novel perjuwangan. Critané diwiwiti nalika Catim karo Jengger lagi mancing. Ningan nasibe Catim ora apik, ewis setengari mancing mangsané durung ana iwak sing nyanthol mangan cacing ning pancinge Catim. Beda karo nasibe Jengger, kayonge nembe bae sedhelat ewis olih iwak akeh nemen. Pancené kayong Catim lagi apes, latan, Catim milih mulih. Nalikané Catim neng ndalan ujug-ujug krasa ana angin banter nemen sekang motormaburé wong Landa ning ndhuwur langit nibakken bom karo tembakan-tembakan maring desané Catim. Umah-umah padha kobong, wit-witan padha rubuh, wong-wong akeh sing kena tembakan padha mati pating tlektek ning tengah ndalan. Simbahé Catim kobongan ning njero umah ora bisa dislametaken. Abahé Niti sing ewis dianggep kaya bapak dhewek ya mati ketiban kayu umahe dheweke. Untunge Niti wong wadon sing meneng-meneng disenengi Catim bisa slamet.

Panyurangan kepisan sekang Walanda ndadikna masrakat Tegal padha mati. Akalé, angger dieling-eling Walanda gemiyene kuwe ewis njajah Indonesia 350 taun suwene bisa esih balik njajah maning, pancen nggragas nemen Walanda kuwe.

Persatuan Komandan Tegal lan TNI gawe rencana kanggo mbales maring wong Landa kae. Kartijah, anak wadone Mbok mirah, olih amanat dikon ngemati markase Landa. Nalikane Kartijah nembe ngemati wong Landa, malah konangan. Kartijah dicekel latan mati ditembak Kopral Nur Juwer gara-garane Kartijah ora gelem awewh reti ningendi wong-wong Tegal padha umpetan. Dheweke kuwe ya sebenere wong Tegal, ningan gara-gara kedanan dunya, Nur Juwer lila nyidrani bangsane dhewek sing latane melu mbala karo wong Landa. Mbok Mirah kelangan Kartijah jero nemen. Saben dinane kelingan Kartijah bae. Kartijah pancen bocah wadon kendel, ewis wani ngorbanaken nyawane kanggo bangsane. Suwarga temenan nggo Kartijah.

Niti, Catim, karo Jengger latan melu nggabung ning Laskar Rakyat. Rencanane Niti, Catim, karo Jengger arep nylametaken Bekel Subur sing kecekel Landa gara-gara ewis mbocoraken kabar saben wong Landa arep teka ning tlatah Tegal. Niti, Catim, karo Jengger mangkat maring markas Landa. Penjaga-penjagane dipateni siji-siji dening wong telu kuwe. Salah sijine yakuwe Kopral Nur Juwer. Niti latan nubles dadane Kopral Nur Juwer nganti mati gara-gara sangking mangkele. Kopral Nur Juwer ewis tegel mateni kanca sebangsane. Kahanan ewis kayong aman, Catim njuran mlebu ning ruang tahanan njuran nylametaken Bekel Subur. Ningen, malah konangan maring salah siji prajurit Landa. Prajurit kuwe wadulan ning Kapten Vantje van Deck. Ora ngenteni suwe-suwe, pasukan Landa disebar kanggo nyekel wong sing ewis gawe rusuh. Akalé, kahanane peteng nemen, guran ana padhang setitik cahyane mbulan. Ningen, pasukan Landa tetep bae bisa weruh Jengger sing




lagi kelara-lara sikile kepaduk watu lancip. Getihe Jengger padha pating mbleber. Niti wis njajal nyemangati Jengger kanggo menyat mlayu, ningen larane Jengger ewis ora ketahan. Latan Jengger mati ditembak. Weruh Jengger nglabruk, Niti ora kuat mlayu. Niti kecekel njuran digawa maring ruang tahanan bekase Kartijah. Sukur, Catim karo Bekel Subur bisa slamet. Patine Jengger gawe Yu Mar, calon bojone, ngrasakaken kelangan saben dina kebayang praupane Jengger bae.

Banjur, Catim lan warga Tegal liyane nggawe rencana kanggo nylametaken Niti karo kanggo mrantas pasukan Landa. Yakuwe nganggo cara pagelaran Sintren sing mengkone dipimpin dening Mbok Mirah lan Yu Mar sing kedhapuk dadi sintrene. Pagelaran Sintren kuwe kasil nggawe pasukan Landa padha gumun. Kejaba kuwe, uga nggawe konsentrasine maring tahanan Niti buyar. Wayah kuwe Catim mlebu ruang tahanan nylametaken Niti. Jebul, ning ruang tahanan Niti lagi dioyak-oyak dening Jayeng Laga (sing umahe dinggo markase Landa) lagi arep ngerudapeksa Niti, ningen untunge Catim njuran gageyan teka. Jayeng Laga dikiting gulune sekang mburi nganti mati. Saklubare nylametaken Niti, Catim ngubengi markas kanggo ngesoki bensin kanti rata, njuran diobong. Catim karo Niti gageyan gregah mlayu sakewise ngawehi aba-aba maring rombongan sintren sing digawa kuwe. TNI ya melu mudhun nyerang Landa, jedhar jedhor swarane adhu tembak. Serangan sing dadakan kaya ngene nggawe pasukan Landa kewalahan, pasukan Landa padha kalah ketembak.

Siki ewis ora ana sing njajah

maning. Niti ngrasa bungah nemen. Dheweke maturnuwun temenan maring Catim mergane Catim ewis nylametaken nyawane dheweke nalikane olih serangan sekang Jayeng Laga. Catim mikir wektu kuwe pas nemen kanggo ngungkapaken prasaane maring Niti. Catim pancene ewis suwe mendhem tresna maring Niti. Catim njuran nglamar Niti njaluk Niti dadi sigaraning nyawane. Niti meneng tandha gelem. Novel Meradang kiye nduweni pesen utawa amanat kanggo pamaos. Awake dhewek ora kena wedi maring para penjajah. Novel kiye pancen ngandhut amanat lan tuladha sing apik. Babagan gambar cover sing cetha ngawe pamaos lewih kepenak mbayangaken kepriwe isi critane. Ana gambar wong wadon ayu karo wong lanang gagah sing mesti kuwe gambaran perane Niti karo Catim. Ana gambar wong lanang tuwa nganggo sorban kuwe mesthine Abah Kyai, abahe Niti. Ana maning gambar wong lanang nganggo klambi Landa irunge mbangir sing mesthine praupane wong Landa. Gambar motormabur sing ditambah efek kukus mbulek, njuran ana gambar wong wadon lagi njoged nganggo kacamata ning ngisore, ana kurungan ayam, sing mesthine crita babagan sintren. Novel Meradang nduwe alur crita campuran. Ningen, alur crita campuran kuwe malah nggawe bingung pamaos. Tuladhane, lagi nyritakaken wektu siki manglih maring wektu gemiyen latan ujug-ujug manglih maning ning wektu siki, mandan mbulet-mbulet critane. Kejaba kuwe, akeh ukara lan tembung dhialek Tegal sing mandan angel dingretni, mligine tembung-tembung kasar sing mandan frontal. (Puji Dianti)



Rukun Iman Ing Naskah Kraton Ngayogyakarta

Dening: Kustri Sumiyardana

Ing Kraton Ngayogyakarta ana naskah kang ngandharake babagan rukun iman. Naskah mau kanthi nomer W321 lan W322 ing bendhel Serat Kaklempakan. Diarani Serat Kaklempakan amarga naskah mau ngemot pirang-pirang teks, kayata Serat Waosan Puji, Suluk Purwaduksina, Suluk Fatimah, Kidung Rumeksa Ing Wengi, Puji Dina Pitu lan liya-liyane. Babagan kang ngemot rukun iman ana ing pupuh kapindho kaca 10 nganti 15. Andharan mau awujud tembang Dhandhanggula kang dumadi saka 17 pada. Dene isi teks ana ing naskah mau ana ing ngisor iki.

Iman marang Allah

Rukun iman kuwi ana enem, kang kapisan yaiku ngandel marang Allah kang Agung. Panjenengane minangka Pangeran kang wenang paring ganjaran lan siksa marang manungsa. Tandha sawijining pawongan kang ngandel marang Allah yaiku kanthi ngucapake rong kalimat sahadat. Sahadat kapisan disebut sahadat wakidun (Arab: wahidun), yaiku ngakoni manawa amung Allah kang minangka Pangeran.

Sabanjure dijlentrehake sipat-sipate Allah. Ing antarane sipat kayun, tegese kang urip. Kadirun tegese kang kuwasa. Muridun tegese kang nduweni karsa. Ngalimun tegese kang ngawekani. Samingun tegese kang miyarsa. Basirun tegese kang tumingal. Mutakalimun tegese kang ngandika. Baka tegese kang langgeng. Dene Allah iku Maha Suci, ora awal ora akir, ora ing ngisor ora ing dhuwur, ora ing tengen lan ora ing kiwa. Panjenengane iku ora adoh, cedhak nanging tanpa senggolan. Ora ana kang nandhingi lan nyekuthu. Manawa ana wong kang nyekuthokake Allah, tegese wong mau kapidir.

Iman marang Malaekat

Iman kang kaping lima yaiku percaya anane malaekat. Malaekat yaiku salah sawijine makhluk kang diciptakake Allah. Malaekat iku ora lanang lan ora wadon. Malaekat uga ora duwe bapa lan ibu. Malaekat uga ora diwenehi nepsu, sahwat, lan akal. Anane mung ngestokake dhawuhe Allah. Dene gaweane para malaekat kuwi warna-warna gumantung marang dhawuhe Allah.

Malaekat bisa diperang dadi pirang-pirang golongan. Golongan malaekat yaiku Kurubiyu, Pasrah, Kapalah, lan Kutubah. Malaekat kang kalebu bangsane kapalah ing antarane yaiku Jibril, Izrail, lan Israfil. Ing naskah ora dijlentrehake kepriye malaekat kang klebu golongan Kurubiyu, Pasrah, Kapalah, lan Kutubah mau.

Iman marang Kitab

Iman kang katelu yaiku percaya marang kitab kang diturunake marang para nabi. Kitab kang diturunake marang para nabi ana 104 cacah. Marang Nabi Adam diturunake kitab awujud suwara. Marang Nabi Sis diturunake seket kitab. Telungpuluh kitab diturunake marang Nabi Idris. Dene Nabi Ibrahim nampa sepuluh kitab. Marang Nabi Dawud diturunake Kitab Zabur. Kitab Injil diturunake marang Nabi Isa. Kitab Toret (Taurat) diturunake marang Nabi Musa. Dene, Kitab Kuran (Alquran) diturunake marang Nabi Muhammad. Kitab kuwi minangka kitab panutup sakehe kitab.


Iman marang Utusan

Iman kang kapapat yaiku percaya marang utusan. Utusan kang nggawa sarengat disebut rasul. Kang kalebu rasul ing antarane Nabi Adam, Nabi Nuh, Nabi Isa, Nabi Ibrahim, lan Nabi Muhammad. Cacah rasul ana 313 wong. Dene utusan kang diwenehi sarengat diarani nabi. Cacah nabi kabehe ana 24.000.

Para maos mesthine asring krungu yen cacah rasul kuwi ana 25. Satemene cacah 25 kuwi mung winates para rasul kang dicritakake ana Alquran. Dene sabenero cacah rasul kuwi ana 313. Kanthi mangkono akeh rasul kang ora dicritakake ing Alquran.

Iman marang Dina Kiyamat

Iman kang kaping lima yaiku percaya marang dina kiyamat. Ing dina kuwi bumi lan langit bakal digulung. Kabeh makhluk kang urip padha mati. Ing dina kuwi kabeh padha dikumpulake, nuli dipisah-pisah. Saperangan ana kang mlebu swarga, saperangan maneh mlebu neraka. Kabeh mau gumantung tumindake dhewe-dhewe nalika urip ing donya.




Iman marang Etung Ala lan Becik

Etung ala lan becik kuwi ana basa Arab yaiku qada' lan qadar. Percaya marang qada' lan qadar minangka rukun iman kang kaping enem. Kabeh lelakone manungsa wis katulis ing lukil makpul (lauhul ma'fuz). Kabeh mau ora bakal owah. Mula, manungsa kudu tansah mituhu marang Allah. Wong kang mituhu marang Allah bakal dijanjekake mlebu swarga. Dene wong kang kupur bakal dilebokake ing neraka. Kabeh kang gumelar ing jagad iki wis ditemtokake. Ana kang ditakdirake dadi wong becik, wong duraka, wong sugih, apa dene dadi wong miskin. Kabeh mau wis pepesthen kang ora bisa disinghiri.

Ananging kajaba diwenehi pepesthen kang ora bisa diendhani, manungsa uga diwenehi istiyar yaiku kawenangan kanggo milih. Kanthi mangkono manungsa bisa milih arep tumindak becik apa tumindak ala. Wong kang milih tumindak becik bakal entuk ganjaran, wondene wong kang milih tumindak ala bakal nampa siksa.

Mangkono rukun iman kang kamot ing Serat Kaklempakan kang disimpen ing Kraton Ngayogyakarta. Ing pungkasan pupuh kuwi disebutake yen para maos biso ngestokake pitutur mau. Amarga wong kang urip ora wurung mesthi mati, mulane kudu tansah nindakake kabecikan. Kuwi mau bisa kanggo sangu besuk ing akerat.



Kabudayan

Dening : Bambang Sulanjari

BUDAYA JAWI TUMRAP PENDIDIKAN KARAKTER BANGSA

Tiyang Jawi ingkang “dipunakeni” inggih punika tiyang ingkang mangertos tata cara lan tatanan Jawi lan tansah ngengeti posisi sosialipun. Tatakrama lan unggah-ungguh mujudaken ukuran “tiyang Jawi”.

Manungsa Jawi lan Budaya Jawi

Abad kaping X, nalika tanah Jawi iring Wetan dipunpangarsani dening satunggaling nata agung: *Srī Mahārāja Srī Dharmawangsa Teguh Anantawikrama Uttunggadewa*, wonten kadadosan ingkang penting sanget tumrap jagading kasusastran Jawi, mliginipun sastra Jawi Kina. Parwa-parwa Sansekerta ingkang mujudaken perangan-perangan saking epos paling ageng sajagad rat: *Mahabharata*, mlebet dhateng tanah Jawi lan dipunserat malih dening para pujangga Jawi kanthi ngginakaken basa Jawi Kina. Parwa-parwa punika boten namung kaewahi

basanipun kemawon, ananging “kajawekaken”. Ing serat *Wirāṭaparwa Jawa Kina* kasebat kanthi trewaca kanthi tetembungan mangjawākēn *Byāsamata*, ingkang pikajengipun miturut Zoetmulder: ‘men-Jawa-kan karya yang terkandung dalam batin *Byāsa*’. Katrangan punika suka gambaran bilih bangsa Jawi ing abad kaping X punika tetela sampun anggadhahi saringan utawi filter kangge nyaring kebudayaan manca ingkang mlebet ing tanah Jawi. Tegesipun, Jawi nalika semanten sampun ngadeg jejeg, jejer minangka budaya ingkang tansah tinarbuka nampi

budaya manca, ananging bangsa Jawi sampun milah lan milih bab-bab ingkang trep lan boten trep tumrap jiwa kajawen. Bangsa Jawi sampun anggadhahi frame ingkang naminipun Jawi, saengga menapa kemawon ingkang mlebet ing tanah Jawi kedah trep kaliyan frame Jawi punika. Inggih frame punika ingkang kasebat budaya. Jalaran Jawi ngadeg jejeg, jejer minangka budaya, temtu kemawon ugi wonten komunitas utawi masyarakat ingkang jejeripun minangka ingkang anggadhahi kabudayan punika. Masyarakat punika ingkang lajeng

katelah bangsa Jawi.

Prakawisipun sapunika lajeng menapa ta ingkang kasebat budaya Jawi punika? Mbok bilih langkung prayogi kawiwiti kanthi ngungkap prakawis tetembungan budaya lan kabudayan. Kala rumiyin, tiyang anggadhahi pamanggih bilih kabudayan punika sedaya manifestasi gesanging manungsa ingkang awatak luhur lan asipat rohani, kados ta agami, filsafat, seni lan sapiturutipun. Adhedhasar pamanggih punika mila boten nama aneh bilih rumiyin wonten ingkang mbentenaken antawisipun bangsa mbudaya, 'berbudaya' (ingkang kaanggep bangsa ingkang drajadipun langkung inggil), lan bangsa alam (ingkang kaanggep minangka bangsa ingkang drajadipun langkung asor). Umiring majenging peradaban, pangertosan kabudayan lajeng owah gingsir. Miturut Van Peursen kabudayan lajeng kategesi manifestasi gesanging saben tiyang utawi saben golongan tiyang. Sanadyan pangertosan kabudayan owah gingsir ing tataran konsep, ananging taksih wonten dudutan ingkang saged kapendhet: bilih kabudayan punika wonten jalaran wontenipun iguh, patrap, tumindaking manungsa. Manungsa ingkang damel kabudayan.

Owah gingsiring konsep kabudayan kados kasebat ing nginggil temtunipun ugi njalari owah gingsiring kabudayan ing tataran substansi. Rikala jaman Jawi Kina, poliandri taksih kaanggep "Jawi", saengga Drupadi, ingkang ing parwa Sansekerta anggadhahi semah gangsal, nalika dipunjawekaken inggih taksih tetep anggadhahi semah gangsal, inggih punika Pandhawa. Sasampunipun parwa kala wau dipun-"vermak" malih dening Kyahi Yasadipura ing jaman Surakarta, konsep poliandri sampun kawawas boten Jawi malih.

Owah gingsiring kabudayan ing tataran konsep menapa dene ing tataran substansi punika mila boten saged kaselaki lan kaendhani, jalaran manungsa - minangka pelaku kabudayan - anggadhahi sifat esensial: tansah ngewahi alam kangge kabetahan

gesangipun.

Tiyang Jawi anggadhahi konsep piyambak ngengingi kabudayan. Tumrap tiyang Jawi, tiyang ingkang mbudaya punika ngemu teges tiyang ingkang tansah ngugemi tatanan (beradab) utawi wicaksana. Jlentrehipun inggih punika tiyang ingkang menyadari diri, tempat, dan tatacara; menyadari diri dan orang lain. Tiyang Jawi ingkang "dipunakeni" inggih punika tiyang ingkang mangertos tata cara lan tatanan Jawi lan tansah ngengeti posisi sosialipun. Tatakrama lan unggah-ungguh mujudaken ukuran "tiyang Jawi". Menawi anggenipun ngecakaken tatakrama lan unggah-ungguh punika trep, tiyang punika badhe kasebat njawani. Ananging menawi pangecaking tatakrama lan unggah-ungguh punika boten trep, tiyang kados mekaten punika badhe kasebat ilang jawane, utawi wis ora njawani.

Minangka satunggaling bangsa ingkang anggadhahi corak kabudayan mligi, tiyang Jawi utawi masyarakat Jawi ugi anggadhahi titikan utawi kapribaden ingkang mbentenaken kaliyan tiyang sabrang utawi tiyang manca. Tiyang Jawi anggadhahi gesangipun piyambak, inggih punika sedaya aktivitas ingkang katindakaken dening tiyang Jawi minangka anggota masyarakat ingkang saben-saben tansah sesambetan satunggal lan satunggalipun, kanthi ngugemi dhateng sistem nilai budaya Jawi. Nilai-nilai budaya punika boten dhawah saking langit, ananging kawujud lumantar prajanjian (kesepakatan) saperangan utawi sedaya anggota masyarakat adhedhasar pengalaman gesangipun. Nilai-nilai punika samangke ing wujud aktifipun katelah norma, ingkang dados pandoming gesang tumrap sedaya anggota masyarakat. Saperangan ageng tiyang Jawi tansah mbudidaya amrih saged ngugemi norma-norma budaya ingkang sampun dipunsepakati saprelu nggayuh gesang ingkang kebak ing katentreman. Ananging Saperangan malih wonten ingkang boten ngugemi jalaran kasurung dening kepentingan gesang ingkang mawarni-warni.



Kalih bab punika njalari masyarakat Jawi ngalami polarisasi lan stratifikasi sosial



Jawi Minangka Sumbering Karakter

Wonten kalih bab ingkang anggadhahi daya pangaribawa salebeting dumadosing kapribaden utawi karakter bangsa Jawi ngantos sapriki. Sepisan: masyarakat Jawi mujudaken warisan sistem paprentahan kraton (kerajaan); kaping kalih, masyarakat Jawi nate kajajah dening bangsa kolonial ing wekdal ingkang panjang. Kalih bab punika njalari masyarakat Jawi ngalami polarisasi lan stratifikasi sosial. Upaminipun wong gedhe lan wong cilik, priyayi lan wong lumrah lan sanes-sanesipun. Pamantha adhedhasar strata sosial punika katindakaken piyambak dening masyarakat Jawi. Stratifikasi sosial manika njalari tiyang kedah ningali paugeran nalika nindakaken komunikasi. Mila lajeng thukul norma-norma ingkang ngatur sesambetan antawis setunggal strata lan strata



Kajawi kathah prinsip gesang ingkang mijil jalaran wontenipun tradisi filsafat, kasusastran Jawi minangka gambaran kawontenan masyarakat, ugi kathah sanget ingkang ngemot transformasi ide ngengingi wewarah bab moral.”

sanesipun. Elokipun tiyang Jawi, norma-norma punika tansah kajagi amrih lumampahing sesambetan tansah rancag, lancar, tentrem lan laras.

Ing spirit religi, sanadyan Clifford Geertz mbentenaken tiyang Jawi dados kalih golongan: santri tumrap ingkang nindakaken sarengating agami (Islam) kanthi saestu, lan abangan tumrap tiyang umum. Nanging sayektosipun tiyang Jawi punika titah utawi makhluk religius. Ideal mistik ngengingi laras (harmoni) lan manunggaling kawula lan gustinipun kadadosaken patuladan (model) tumrap sesambetan individu lan masyarakat. Ing salebeting gagasan kamanunggalan punika sumimpen ide laras, harmoni lan tumata. Tiyang badhe lila legawa ngurbanaken menapa ingkang dipungadhahi amrih kajaginipun suasana ingkang sarwa tumata punika: wani ngalah luhur wekasane. Bab punika ingkang njalari tiyang Jawi kanthi eklas ngakeni lan nindakaken “sistem hormat” ingkang njalari kaciptanipun pola hubungan antar strata sosial. Kajawi punika, tiyang Jawi tansah ngutamakaken raos, tansah ngolah pengalaman gesangipun kanthi raos: wong Jawa iku nggone rasa.

Pola hubungan antar strata sosial kawawas minangka sesambetan: dualisme komplementer, satunggal lan satunggalipun sami anjangkepi. Wong gedhe lan wong cilik upaminipun, namung nengga giliran kanggenipun ing bebrayan. Ing satunggaling

prakawis wong gedhe ingkang kangge, ananging ing prakawis sanes wong cilik ingkang kangge lan boten saged kagantosaken dening wong gedhe.

Pola hubungan antar strata sosial nglairaken pinten-pinten falsafah lan prinsip gesang. Sepi ing pamrih rame ing gawe tuladhanipun, minangka prinsip ingkang andhasari gesang ingkang boten ngutamakaken dhiri pribadinipun, jumbuh kaliyan teges tetembunganipun, kados ingkang kaserat dening Niels Mulder bilih Sepi ing pamrih boten mentingaken awakipun piyambak, boten dipunkuwaosi napsu kangge kepentinganipun piyambak, ngewrat satunggaling kunci kawicaksanan kejawen.

Raos eklas dhumateng posisi ing hierarki sosial njalari tiyang boten ngedir-ediraken darbekipun: aja dume, saengga tiyang badhe anggadahi patrap lan prinsip gesang samadya, boten ngaya lan boten ngangsa. Prinsip gesang kados mekaten punika kathah sanget dipunlampahi lan dipuntularaken dening para pamikir Jawi. Salah satunggalipun inggih punika Ki Ageng Suryamentaram, putra Hamengkubuwana VII. Wewarahipun Ki Ageng bab prinsip gesang punika asring kasebat kawruh beja sawantah. Miturut Ki Ageng tiyang Jawi kedahipun awatak 6(enem) sa: sabutuhe, saperlune, sacukupe, sakepenake, samesthine, sabenere.

Kajawi kathah prinsip gesang ingkang mijil jalaran wontenipun tradisi filsafat, kasusastran Jawi minangka gambaran kawontenan masyarakat, ugi kathah sanget ingkang ngemot transformasi ide ngengingi wewarah bab moral. Syarat-syarat supados dados tiyang Jawi ingkang sampurna dados model panyeratan karya susastra ingkang ngemot bab filsafat moral. Serat Wulang Reh anggitanipun Pakubuwana IV tuladhanipun, ndhudhah tlesih prakawis kados pundi kedahipun dados tiyang Jawi, kados ingkang kaserat ing pupuh Pangkur pada sepisan:

Kang sekar pangkur winarna
 Lelabuhan kang kanggo wong aurip
 Ala lan becik puniku
 Prayoga kawruhana
 Adat waton puniku dipun kadulu
 Miwah ta ing tatakrama
 Den kaesthi siyang ratri

Pangetrapping nilai-nilai budaya kados kasebat ing nginggil punika ingkang miturut umum kasebat budi pekerti. Miturut etimologi budi ateges nalar, manah dan watak, dene pekerti ateges, penggaweyan, watak, tabiat utawi akhlak. Budi dumunung ing batining manungsa, sifatipun tan kasatmata, boten ketingal. Budi nembe ketingal menawi sampun kawujudaken ing pekerti, tumindak. Budi punika alat batin ingkang kadadosan saking akal, karsa lan raos, kangge nglelimbang sae lan awon. Pekerti mujudaken manifestasi batin. Mila budi pekerti mujudaken patrap utawi tumindak ingkang kadhasari ulah manah utawi ulah batin. Budi pekerti punika wonten kalih: budi pekerti luhur dan budi pekerti awon. Budi pekerti luhur mijil jalaran matengipun jiwa. Tiyang ingkang anggadhahi budi pekerti luhur inggih punika tiyang ingkang anggadhahi patrap lan solah bawa ingkang laras kaliyan nilai utawi kaidah sosial ingkang kaugemi dening masyarakat ing sakiwatengenipun, sarta kadhasari dening matenging jiwaniipun. Tiyang ingkang kados mekaten dumung ing tataran ingkang paling inggil ing bab pangetrapping norma-norma gesang. Saking pratelan ing nginggil saged dipun mangertosi bilih “Jawi” nyata saged dados sumbangan tumrap pendidikan karakter bangsa. Cekakipun, uger sedaya tiyang nuhoni angger-angger,

prinsip gesang Jawi, ideal Jawi, badhe kadumugengangen-angen kamanunggalan, laras, harmoni lan gesang ingkang demokratis. Temtu kemawon kathah ingkang boten sarujuk kaliyan pamanggih punika, kados ingkang sampun kacetha ing nginggil bilih saperangan badhe tansah ngugemi, ananging saperangan malih boten, amargi kasurung dending kepentingan gesangipun piyambak-piyambak. Bangsa ingkang anggadhahi karakter (berkarakter) badhe katingal saking moral, etika lan budi pekerti ingkang sae, lan ugi sinartan semangat lan tekad sarta energi ingkang kiat kanthi pamawawas ingkang positif lan patrap ingkang optimis. Kajawi punika inggih anggadhahi jiwa persatuan lan kebersamaan ingkang inggil: saiyeg saeka kapti. Sedaya ideal punika saged kawujud menawi sedaya elemen masyarakat anggadhahi andil. Sedaya kupiya ugi boten badhe kasembadan tanpa wontenipun otoritas-otoritas ingkang sifatipun memaksa. Ing pulo Bali, sedaya paugeran taksih dipunugemi jalaran wonten awig-awig, seratan arupi paugeran gesang bebrayan komplit kanthi pidana utawi dhendhanipun tumrap saksintena ingkang nerak. Ing tanah Jawi boten wonten. Namung raos optimis kemawon bilih sedaya wewarah Jawi punika menawi dipunugemi dening sadhengah titah badhe sae asilipun. Ing jagading pendidikan, panyengkuyung

kedah kasokaken dhateng kupiya ingkang tumuju dhateng revitalisasi nilai-nilai budaya lumantar pasinaon, utaminipun ing pasinaon Basa Jawi. Mila guru Basa Jawi punika anggadhahi sanggan ingkan awrat sanget, jalaran boten namung mucal basa, nanging ugi budaya. Kenging menapa mekaten? Jalaran wontenipun malih kurikulum Basa Jawi ing sekolah menika mujudaken wohing panalangsaniipun para sepuh ingkang waskitha mrigrsani kawontenan ingkang saya tebih saking spirit Jawi.

Ing tataran ingkang langkung inggil kupiya punika boten badhe wonten tegesipun tanpa panyengkuyungipun para-para ingkang anggadhahi otoritas.

Wusana, kantun sumangga...



Bangsa ingkang
 anggadhahi karakter
 (berkarakter) badhe
 katingal saking moral, etika
 lan budi pekerti ingkang
 sae, lan ugi sinartan
 semangat lan tekad sarta
 energi ingkang kiat kanthi
 pamawawas ingkang
 positif lan patrap ingkang
 optimis.



Kiai Paneluk

Dening : Turiyo Ragilputra

“Bapak ora enggal ngendika. Paningale nunjem.
Senajan wis sepuh, sorot socane isih katon manther
merbawani. Atiku nggregeli nalika katempuh
paningale Bapak”

Tangga teparo lagi bae padha pamit mulih sawise tahlilan kanggo ngirim arwahe Bapak sing kapundhut patang puluh dina kepungkur. Mripat sing mau-mau luyup saiki malah ilang rasa aripe. Sairing rumambate wektu swasana tintrim mbaka sethithik nggubet sepining wengi.

Ing kahanan kaya ngono dumadakan aku kelingan kedaden sadurunge geblage Bapak. Nalika iku lebar magrib. Aku sing lagi thethenguk ngumbar pikiran saparan-paran kaget ditimbali Bapak.

“Kene lungguh, Gil. Bapak arep omong sithik. Mumpung ora ana wong.”

“Enten napa, Pak?”

Bapak ora enggal ngendika. Paningale nunjem. Senajan wis sepuh, sorot socane isih katon manther merbawani. Atiku nggregeli nalika katempuh paningale Bapak. Ora nyana babar pisan menawa sajroning yuswa satus taun jiwane Bapak panggah santosa, ora ana tandha-tandha pikun.

“Olehmu melek bengi diterusake,” Bapak ngendika lirih, nanging kuwawa ngebur kedhung jiwaku. “Melek bengi iku gedhe pedahe. Ndadekake mencorong tejane, jembar langite,

dhuwur kukuse.”

“Nggih, Pak.”


“Sing luwih wigati, aku arep marisake pusaka marang kowe kanggo sarana tetulung wong-wong. Takwawas mung kowe sing bisa ngreksa. Awit, embuh kapan, pungkasane aku kudu bali sowan marang Gusti kang maha nitahake.”

Aku njegreg. Sawijining wektu pikirku nate nglambrang ngenani panganggepe wong-wong sing jarene “bisa disuwuni pitulungan” kanggo mujudake apa sing disedya.

Bab kabisane Bapak sing kaya panganggepe wong-wong mau, aku percaya ya ora, ora percaya ning nyatane akeh wong mertamu butuh ketemu Bapak.

Maneka warna keperluan.

A na sing kepengin munggah pangkat, njago lurah supaya dadi, nyalon anggota legislatif



kareben entuk pemilih akeh, lan liya-liyane.

“Kowe ora prelu kuwatir, Gil,” panandhese Bapak kaya pirsira rasa mamangku. “Awit bebasan panganggon, pusaka sing arep takwarisake ora prelu patukon maneh.”

“Bapak, kula langkung remen dados tiyang biasa mawon. Kula kuwatos boten kiyat nglampahi. Menawi Bapak ngersakaken marisaken pusaka, paringaken mawon dhateng Mas Purba. Awit sadangunipun menika Mas Purba ingkang remen lampah-lampah kados Bapak.”

“Masmu Purba kae kalah tuwa tinimbang kowe.”

“Lho, Mas Purba rak kangmas kula.

K a w o n s e p u h
menapanipun?”

“Awunel!”

“Mangke menawi sampun kulina, menapa malih menawi saderengipun nampi pusaka saking Bapak Mas Purba dipunwejang rumiyin, kula kinten badhe mlampah kanthi sae.”

“Rasah mulang Bapak!” pamucuke Bapak karo nggugeng.

Aku ngglondhoh. Nyoba nyilemi paningal batine

Bapak. Ing bab apa aku sing kaprenah adhine Mas Purba dingendikakake Bapak luwih tuwa awune. Ewa semana aku tetep mutusake milih ora nampa pusaka warisan. Dudu apa-apa. Aku duwe wawasan beda bab tetulung marang wong-wong. Mula kanthi luruh, aku banjur matur maneh.

“Mas Purba mawon nggih Pak, nggih?”

Bapak nyawatake paningal.

“Mangke kula tak matur Mas Purba.”

Bapak isih panggah mendel. Nganti sawetara wektu banjur ngendika kanthi swara abot, “Hem, piye ya. Jane sing takdama-dama kowe, Gil.”

“Kula kaliyan Mas Purba rak sami, Pak. Sami-sami putranipun Bapak.”

“Ya wis, rapapa. Waton wis entuk palilahmu. Awit pusaka iki sejatine

dunungmu.”

“Kula eklas, Pak. Ingkang baken Bapak kersa ndongakaken kula lan turun-turun kula supados widada donya akheratipun.”

“Oh, yen ndonga bab kuwi wis barang mesthi.”

Lega lan bungahku datan kinayangapa. Sajroning kahanan Bapak sing saya sepuh, pepenginanku mung siji: aja nganti gawe tatu penggalih Bapak. Mula nalika Bapak kersa ndhahar aturku, rasaku kaya nyunggi watu sagajah banjur takselehake..

Pitung dina candhake, uga saka pamrayogaku, Bapak nimbali Mas Purba. Prelune ora ana liya kejaba bakal marisake pusaka kagungane. Pusaka iku



“Iki ngene, Pur,
aku duwe pusaka, wujud keris.
Jenenge kowe bocah loro wis ngerti.
Dene gunane kanggo sarana nyenyuwun
marang Gusti kang Maha Kuwasa
samangsa-mangsa ana wong njaluk pitulungan.



awujud keris. Jenenge Kiai Paneluk. Miturut ngendikane Bapak, jumbuh karo jenenge, pusaka kasebut digunakake minangka sarana kanggo nelukake mungsuh-mungsuhe wong sing njaluk pitulungan marang Bapak.

Sawise aku lan Mas Purba ngadhep, Bapak dhawuh kanthi wijang.

“Iki ngene, Pur, aku duwe pusaka, wujud keris. Jenenge kowe bocah loro wis ngerti. Dene gunane kanggo sarana nyenyuwun marang Gusti kang Maha Kuwasa samangsa-mangsa ana wong njaluk pitulungan. Wanti-wantiku, sepisan, aja pisan-pisan duwe panganggep menawa katekane sedya amarga saka Kiai Paneluk. Yen cara ngelmu agama, iku jenenge musrik. Kabul lan orane sawijining panyuwunan

gumantung sawutuhe marang Gusti kang maha wasesa. Kapindho, sapa-sapa sing kadunungan pusaka iki ora kena tawatawa. Awit yen tetawa mengkomengkon bisa kajlungup marang tumindak melik nggendhong lali. Kaping telu, sapa-sapa sing kanggonan Kiai Paneluk ora kena nulak panjaluk. Ora kena emban cindhe emban siladan. Waton ora kanggo seja ala, sapa bae sing mbutuhake kudu ditulungi.”

“Bapak,” aku nyela, “kados pundi menawi akhiripun tiyang kala wau tumindakipun awon?”

“Contone piye?”

“Satunggalipun tiyang sareng dados lurah tumindakipun nerak anggerangger.”

“Aja nyawang kahanan kanthi ireng putih. Nanging uga aja mawas sawijine perkara kanthi paningal klawu.”

Aku lan Mas Purba ora cemuwit. Ora ngerti arah ngendikane Bapak.

“Tetulung kanthi niat becik nanging tundhone nguwohake tumindak ala, aja banjur dadi pepalang kanggo tetulung ing wektu-waktu sing bakal tumeka.

Para pandhe kae uga ora

banjur leren olehe gawe gegaman senjata gegaman sing digawe disalahgunakake kanggo mbegal lan ngrampog.”

Bapak banjur njupuk Kiai Paneluk sing disimpen ing bothekan kayu cendhana. Keris banjur diulungake marang aku. Embuh apa kersane Bapak, kok sing diulungi malah aku.

“Wenehna kangmasmu!” semune Bapak pirsira isen-isening pangrasaku.

Keris taktampani banjur takulungake Mas Purba.

“Kiai Paneluk takwenehake saiki, sebab sesuk utawa emben aku bakale bali marang asal usulku.”

“Lah, nggih ampun ngendika ngaten, Pak,” kumesar rasaning atiku.

“Apa sing tak omongake iki wis kodrate

Pangeran. Saben wong mesthi nglakoni. Sukur yen aku isih diparingi umur panjang. Yen ora....”

Lha kok temenan. Patang puluh dina sawise maringake Kiai Paneluk, Bapak kapundhut. Aku lagi bisa nggrahita menawa olehe maringake pusaka, sebab Bapak wis 'pirsa' yen ora suwe maneh kudu sowan marang Gusti kang maha nitahake.

Sing luwih gawe mrindingku, sabubare nguntabake layone Bapak ing pasarean, Mas Purba ngendika yen Kiai Paneluk ilang. Kangmangka pethi sing kanggo nyimpen tetep jroning kahanan kuncen! “Bokmenawa pancen dudu dunungku, Gil,” Mas Purba nglenggana.

“Terus apike piye, Mas?”

“Ya ora piye-piye. Sebab Kiai Paneluk ilang karepe dhewe. Bokmenawa nusul Bapak.”

“Ah, Mas Purba ana-ana bae.”

Ewa semana, senjata aneh ilange Kiai Paneluk wis ora tau takgagas. Bokmenawa bener kandhane Mas Purba, Kiai Paneluk dudu dununge Mas Purba. Nanging apa hiya nusul Bapak?

Wengi iki, ngepasi sedhekah matang puluh dina sedane Bapak, utawa wolung puluh dina sawise Bapak maringake marang Mas Purba, nalika mripat sing mau-mau luyup saiki malah ilang rasa aripe kangmangka wengi sangsaya larut, Kiai Paneluk tetep dadi misteri.

Aku isih panggah lungguh ijen ing omah pendhapa karo ngenam kedaden-kedaden sing wis mungkur nalika saka kamare Bapak keprungu swara gumlodhag. Bokmenawa tikus nggawa sawijine barang sing ditemu nanging ora kuwat banjur tiba.

Kuwatir bokmenawa barang sing digawa tikus mujudake barang pengaji, aku banjur tumuju kamare Bapak. Iba kaget lan gumeterku nalika mbukak lawang. Ing meja katon Kiai Paneluk ngadeg nggejejer kanthi teja mencorong kuning semu ijo, cahya mulya-wibawa. Lan kaya ngerti-ngertia yen aku teka, Kiai Paneluk banjur rubuh. Gagange madhep menyang aku. Aku dadi kelingan ngendikane Bapak, yen mrangguli wesi aji sing madhep gagange, wesi aji mau

kena dijupuk. Nanging yen sing madhep pucuke, aja wani-wani, sebab bisa ndrawasi.

Kelingan ngendikane Bapak, Kiai Paneluk banjur takrukti. Kumendheng rasa welas lan trenyuh jroning ati, kaya-kaya aku lagi nemokake bocah lola tanpa bapa tanpa ibu jroning kahanan ngelak lan ngelih. Alon-alon aku metu, methik godhong dhadhap-tawa telung lembar, saweneh kembang ing latar, lan ngangsu banyu padasan sagelas. Alon-alon Kiai Paneluk takjamasi.



“

Ing antarane gojag-gajeging ati, dumadakan pating pencungul maneka wewayangan: lurah sing ngunthet dhuwit-dhuwit saka negara sing kudune kanggo mbangun desa, pejabat sing menganggo rompi oranye, lan wakil rakyat sing ora netepi janjine.

”

Karo njamasi Kiai Paneluk pikirku keklambrang menyang ngendi-endi. Kepiye bisane Kiai Paneluk metu saka bothekan? Sajroning patang puluh dina, wiwit saka pangakone Mas Purba tekan matang puluh dina sedane Bapak, menyang ngendi bae Kiai Paneluk? Apa sebabe Kiai Paneluk murca saka daleme Mas Purba banjur mulih maneh ing omah sing takpanggoni? Apa iki sawijine tengara menawa aku pancen sing kajibah nerusake wasiyate Bapak?

Sapandurat aku legeg, ora ngerti apa sing kudu taktindakake. Ing antarane gojag-gajeging ati, dumadakan pating pencungul maneka wewayangan: lurah sing ngunthet dhuwit-dhuwit saka negara sing kudune kanggo mbangun desa, pejabat sing menganggo rompi oranye, lan wakil rakyat sing ora netepi janjine. Mbayangake kedadèn-kedadèn kaya ngono, aku banjur gawe keputusan. Kiai Paneluk bakal taklarung. Kayadene Bapak, bokmenawa Kiai Paneluk uga wis tekan titi wancine mulih marang asale. Mula tanpa ngenteni sesuk-sesuk, kanthi sesidheman aku jumangkah gegancangan tumuju pasisir kidul. Dhasar omahku mapan ing tlatah pasisir, mula ora suwe wis tekan gisik segara. Jumlegure alun binareng sumiyure angin ndadekake githokku mrinding.

Sawise nyuwun palilah marang Bapak, Kiai Paneluk taksawatake sakuwatku arah mangidul. Cumlorote Kai Paneluk kinanthenan cahya mencorong kuning semi ijo. Tibane mbarengi jumlegure alun, ndadekake dhadhaku kumesar.

Aku banjur mulih kanthi jangkah entheng. Tumetese bun ing gegodhongan nuwuhake perbawa absurd tumrap wengi sing saya kekes lan tintrim.



Ambal Kebumen, Juni 2017

Turiyo Ragilputra

Tahun 2014 nampa pangaji-aji Prasidatama saka Balai Bahasa Jawa Tengah minangka Tokoh Sastra Jawa ing Jawa Tengah Anggota (nonaktif) Sanggar Sastra Jawa Yogyakarta (SSJY) Mapan ing Desa Kaibon, Kec. Ambal, Kab. Kebumen.

Ahmad
Lepiq 2017



RAHASIANE TONI

Dening : Zuly Kristanto

Mula ing salah sawijining dina Wawan kepengin nginep ing omahe Toni.
Kebeneran wektu iku lagi ana preinan dawa. Lan wektu preinan kuwi
digunakake Wawan kanggo nginep ing omahe Toni.

Ing sekolahane,
Toni ngono
klebu salah
sawijining
bintang kelas.
Bola-bali bocah
sing rambute
dipiyak pinggir
kuwi mlebu
tiga besar
ing kelase.
Kahanan
kaya mangkene
tansah
nuwuhake
pitakonan ing
atine Wawan,
kanca nunggal
kelase Toni.

Wawan ngrasa nggumun banget marang
Toni. Ing atase ora tau melu les privat
nanging prestasine angel banget
dikalahake dening dheweke. Kamangka,
Wawan dhewe sing sregep melu les ing
kelase, prestasine sing paling apik mlebu
sepuluh besar.
Wawan penasaran banget marang



rahasiane Toni.
Dheweke kepengin ngerti kepriye
rahasiane Toni bisa dadi salah sawijining
bintang kelas. Mula ing salah sawijining
dina Wawan kepengin nginep ing omahe
Toni. Kebeneran wektu iku lagi ana
preinan dawa. Lan wektu preinan kuwi
digunakake Wawan kanggo nginep ing
omahe Toni. Sadurunge nginep ana ing

omahe kancane
Wawan
takon dhisik
menyang Toni.
“Ton, aku
mengko bengi
nginep menyang
omahmu oleh
apa ora?”
takone
Wawan.
“Oleh wae,
Wan,”
wangsulane Toni.
Rumangsa entuk
dalam amrih bisa
mangerteni
rahasiane
kancane

kasebut. Atine Wawan seneng banget.
Bengine watara jam pitu bengi kanthi
nggawa tas ransel cilik Wawan langsung
budhal menyang omahe Toni.
“Kula nuwun,” Wawan ngucapake salam
satekane omahe Toni.
“E, alah, Nak Wawan ta. Mangga. Kene
pinarak mlebu kene!” kandhane bapake

Toni, kanthi grapyak.
Wawan diajak mlebu lan dilungguhake ana ing ruwang tamu.
“Ton, iki hlo digoleki kancamu. Wawan.”
“Inggih, pak. Sekedhap malih kula medal.”
Ora watara suwe Toni metu saka kamare. Toni langsung nyalami kancane.
“Karo sapa mau?”
“Ijenan wae, Ton.”
“Piye sida nginep ana ngomahku tenanan.”
“Sida lah.”
“Wah, kebeneran yen ngono. Yen awakmu sida nginep omahku. Sesuk esuk awakmu bakal takajak menyang papan kang endah.”
“Temenan ta Ton? Gek ana ngendi kuwi?”
“Rahasia lah, kejutan. Sesuk awakmu lak bakale ngerti dhewe.”
Diomongi kaya mangkono Wawan mung bisa mesem kecut. Dheweke sejatine kepengin banget ngerti papan ngendi sing sesuke bakal dheweke tekani. Ananging pepinginan kasebut dipendhem dhewe. Saora-orane dheweke wis bisa nyicil ngrasa ayam amarga bakal mangerteni rahasiane Toni supaya bisa dadi bintang kelas ing sekolahane.
“Menyang kamarku wae yuh, Wan! Amrih ngobrol luwih enak. Aku uga nduwe sawetara koleksi buku anyar.”
“Temenan ta Ton? Ayo yen ngono.”
Toni manthuk kanggo negesake apa sing dimaksud. Sabanjure bocah lanang loro kuwi mau banjur mlaku bebarengan tumuju kamare Toni. Ing kamare Toni ana lemari cilik sing isine kebak dening maneka buku. Ing kono ana buku pelajaran, buku wacan, buku dongeng, lan ana uga komik. Toni wiwit cilik pancen nduweni kasenangan maca buku. Saben-saben dheweke kasil menangake lomba utawa kasil pikantuk biji apik rikalane ulangan, bapak mundhutake buku apa wae sing dikarepake dening Toni. Mula ora nggumunake yen bukune Toni lumayan akeh.
“Wah, kapan anggonmu tuku buku iki Ton?”
“Wingi, Wan. Kebeneran wingi nalika aku diajak bapak mundhut peralatan

kantore. Aku ngerti buku iki. Lan wektu aku nyuwun amrih dipundhutake buku iki bapak nyarujuki.”
“Hebat tenan awakmu Ton, koleksi buku apik-apik. Tur buku iki klebu buku sing angel golekane. Bola-bali aku kepengin tuku mesthi kentekan. Iki wae aku pesen dipesenake menyang kancane bapakku ya durung entuk. Iki plastike tak bukak oleh apa ora Ton. Aku kepengin ngerti isine kaya ngapa?”
“Oleh wae Wan. Ha, buku dituku lak kanggo diwaca. Ning tulung yen dibukak plastik bungkuse lebokna tempat sampah sing ana ing pojokan kamar kae ya!”
“Oke, siap bos.”
Plastik pembungkus buku anyar kuwi mau banjur disuwek. Sawise dipisah karo bukune, plastik sing dadi bungkuse buku kuwi mau dideleh ana papan sing dikarepake dening Toni. Ora watara suwe Wawan mbukaki buku kuwi siji-siji. Durung suwe anggone mbukaki kaca mbaka kaca ing buku kasebut Wawan bola-bali angop.
“Ngantuk Wan?”
“Ho oh iki Ton.”
“Yen, wis ngantuk ya turua dhisik gak apa-apa.”
Buku sing maune dicekel banjur dibalekake menyang papane sakawit. Sawise mbalekake buku Wawan langsung ngglethak ana ing paturon. Bareng wis ngglethak dumadakan ngantuke sithik mbaka sithik ilang. Mripate bali padhang maneh. Ananging Wawan rumangsa males yen maca buku maneh. Dheweke banjur njupuk piranti kothak cilik saka tas ransele. Sawise kothak cilik kuwi diurupake tangane langsung ibut mijeti layar kaca kothak cilik kasebut.
Ing kalane tangane mijeti dolanane panyawange tumiba ing salah sawijing pojokane kamar. Ing kono Wawan ngerti kancane isih katon asyik lungguh ana ing meja belajare. Kahanan kaya mangkono narik kawigatene. Dheweke kepengin ngerti apa sing ditindakake dening kancane nunggal kelase kuwi. Sajroning ati dheweke mbatin, “Apa iki rahasiane Toni. Aku kepengin ngerti.”
Wawan langsung nyelehake lan

jumangkah nyedhaki meja belajare Toni. Satekane kono Wawan takon maneh, “Awakmu lagi ngapa Ton?”
“Iki isih nyalin cathetan.”
“Hlo, cathetan apa? apa ana tugas nyathet?”
“Ora jan-jane.”
“Hla terus cathetan babagan apa?”
“Ngene, saben-saben bu guru nerangake lan ana perangan sing dakanggep penting. Bab kasebut langsung daktulis. Wiwitane anggonku nulis mung sawates oret-oretan. Lan sawise tekan ngomah oret-oretan kasebut langsung daksalin nganggo buku liya. Ancasku nyalin kuwi amrih cathethanku gampang anggone nyinaoni.”
Wawan sing ngerti apa sing ditindakake dening kancane nggumun banget. Dheweke ora nganti kepikiran tekan semono. Bengi kuwi dheweke lagi ngerti kena apa sasuwene iki terus kalah yen ditandhingake klawan Toni. Jebul ing kalane gurune nerangake Toni mesthi nyathet yen ana perangan Kang dianggep penting. Sauntara kuwi dheweke mung gelem nulis yen wis dikon dening gurune.
“Hla iki, kok ana pulpen werna-werni, abang lan biru iki kok gawe apa Ton?”
“Pulpen-pulpen sing werna-werni iku dakgunakake kanggo menehi tandha sing penting. Kanthi kaya mangkono aku bisa betah anggone macani tulisan-tulisanku. Saliyane kuwi saka kono aku gampang anggone ngeling-eling apa sing tau daktulis ana ing buku cathethan.”
Bengi kuwi ana maneka rasa sing dirasakake dening Wawan. Ing perangan liya dheweke isin menyang awake dhewe. Lan ing perangan liya dheweke ngrasa seneng amarga wis mangerteni rahasia apa sing diduweni dening Toni. Ing bengi kuwi uga Wawan janji marang awake dhewe bakal ngecakake rahasiane Toni kanthi pangajab amrih bijine dadi apik kaya duweke Toni.



Armina

Senajan kanggo ngelingake marang nepsune
Nanging tetep bae manungsa ora kinwagang nahan
Mula nalika saka wolung jurusan mataangin
Maewu-ewu manungsa padha pacak baris
Kanthi girah kang gedhe
Napak tilas lakune nabi Ibrahim
Mbalang setan kang anujud nepsune dhenre
Ngoyak wektu kang afdol ing saat dhuha
Kabej tumuju marang siji papan
Ingaranan jumrah Aqobah

Eman

Krana anane pepalang
Maewu-ewu jumangkake tapak sikil
Dienggokkake ing pirang-pirang papan
Ndelallah kersane Allah
Lawang kang tumuju pusate sedya isih kinancing
Sing ngarep jangkake kandheg sing mburi ngesuk

Amarga kandheg ing sedya
sak grombolan rombongan arep golek marga liya
mbalik dalan nglawan arus
nabrak barisan kang maju
pating jlerit swarane
siji ambruk kasusul sijine
sing ambruk kepidak —pidak mburine
perang brubuh kang tanpa musuh
mung sawetara menit kedadeane
ewon manungsa dadi tumbal
pating slarah kaya sampah
pating tlecek kaya babadan pace

oh nepsu
ya gene kang tetep menang
nepsu mburi nepsu
kanggo mbalang nepsu
nepsu mutmainah arep ngendih nepsu supiyah
nanging kaendhah nepsu aluawamah
ndadekake kobare nepsu amarah

wis direwangi nyandhang putih
nanging kinemulan hawa kuning
dikipasi hawa abang nambahi
hawa ireng tambah njanges
koban ...
ora jinangka apa kang sinedya
malah mbabarake tindak angkara
anane nggendhak sikara
mbrabalakake ego pribadhi.

Mekah, September 2015



■ Biodata Panggurit

Panggurit kang asma asline Agus Adi Pramono iki pamong siswa kang lenggah ing Jl.Ganesha Barat No.306 Semarang. Pirang-pirang karyane wis kapacak ing koran lan majalah basa Jawa. Nate uga entuk juara II ing lomba nganggit naskah sandiwara basa Jawa ing kota Semarang taun 2008. Karyane uga bisa diwaca ing buku Katresnan Rinonce (antologi cerkak) lan Sekar Setaman (Antologi Geguritan Jawa Tengah).

Jabal Rahmah

Wujude mung gunung watu
Kaya gunung gunung watu liyane
Kang mbedakake krana gunung iki nate dadi seksi bisu
Ana kang crita puluhan tahun
Ana uga kang kandha atusan tahun
Nalikane Adam pinisahake klawan Hawa
Sing siji katundhung ing bumi sisih wetan
Sing siji kapracondhang ing bumi sisih kulon
Katundhung saka laladan Swarga
Papan kang sarwa nak kepenak

Katundhung krana nyandhang luput
Luput luputing manungsa
Kang kasinungan hawa nepsu
Wis lirwa ngarepake woh Kuldi
Kang dadi pepacube
Saka rekadayane iblis kang ora gelem sujud mring adam
Kemiren marang drajate mula nyedya ngloropake
wong sakloron saka swarga

kanthi kedhungsangan mlaku sak paran-paran
ing bumi kang isih perawan
loro-lorone padha nglari kekasihe
ya ing gunung watu tanpa thethukulan
manungsa loro kang nyandhang luput
wis diluarake mring paukumane
gapruk rerangkalan antarane ireng lan putih
tangis tinangisan asok rasa kapang
Sujud ngaturake panuwun kang kanyujukake
Marang Gusti kang wis kersa paring Rahmah
Wong sakloron linuaran
Marang panandang kang sinandhang.

Mekah, September 2015



Keduwung

Nalika keduwung Pa
ngrasa telak nguntal wed
hung Diapak
-apakna jare wis kadhung
Paribasan sega kang ajur mumur dadi bubur
Tanpa bisa mbalik awujud asal
Nadyan luwih kepenak langsung diuntal
Ananging ajeg marem mangan sega
Kejaba wong lara waja

Gegayuhan

Gegayuhe janma ing donya maneka warna
Nanging tumraping wong tua,
Gegayuhane ati kang sejati dudu arupa bandha apadene raja kaya
Ananging putra, wayah, lan trah
Kang digadhang-gadhang, tansah sinebut sajroning dedonga
Muga dadia manungsa kang prayoga
Anjunjung martabate wong tua
Ngabekti murakabi mring sasoma
Ngluri luhuring bangsa lan nagara

Pamitan

Daktulis kidung iki
Sinambi lungguh kursi
Ing ratri sing grimis tur sepi
Nalika kelingan mring adhi
Kang prasasat tan bisa lali
Sliramu dakkantbi tumuju kori
Banjur angucap kang gawe nothoke ati
Ora krasa waspa mili ing pipi
Nanging kowe ajeg bali
Ninggal aku lan aweh janji
Amung sauntara sangang sasi
Kudu sabar olehku ngenteni

Mati

Kabel kang ngrasakake wrip bakal mati
Iku wis dadi pepesthining Gusti
Ora bisa diundur kalawan sadhetik
Ora prelu wedi
Uga ora susah dienteni
Amung kudu siap siaga
Nampa tamu malaikat kang njabut nyawa
Mamula padha nyelengi amal nglakoni kabecikan
Kanggo sangu sadurunge katimbalan



Biodata Panggurit

Syafi Rilla S. Maghfuroh mangkono asmane panggurit iki. Alumni saka Sastra Jawa, UNS. Aktif ana ing Sanggar Sastra Triwida. Dedalem ing Jl. Asahan Gg.V, Kel.Pakunden, Kec.Sukorejo, Kota Blitar.

Lathi

Tata ukara kang rinacik mesthine ora
ngemu karep licik
Mula digladhi nganggo ati
Aja nganti diasah nganggo glathi

Keset lunyune ukara bisa bae mlesetake
nyawa
Mula dipecahi saben tembung nganggo
suba sita
Aja nganti keprucut lan mletikake geni
angkara

Moge le lathi ing ngarep meja
andrawina bisa kawaca
Gedhe cilike nepsu panguwasa
Mula ditaker nut kekuwatane meper
Ing njaba kana isih akeh kang luwe lan
angker

Kecoh lan cekoh mesthine ora sinembur
adoh
Jalaran dadi pangukur celathu goroh
Mula disengker lan disingkurake ing
longan
Aja nganti kadenangan anak putu kang
seneng jethungan

Mbako kinang ora amung ngarah
dubang
Nanging kanggo nyecceg latuning lathi
kang kepengin mbandhang
Ngatonake siyung lan gingsul sliliten
lombok abang
Eling! Dubang aja nganti dadi ludira
abang

Lathi
Ringengga rasa
Pait legi nyawiji
Anyep asin kecut ginayut
Tinata dadi pelog lan slendro
Pathete aja nganti kendho.

-Kebumen, 2017 01 17-

Rambut

Marang sapa ati iki kudu sesambat
Nyawang esemu kang ngujiwat
Nanging geneya kudu ana pedhang lan
glathi kang kumlebat
Saka landhepe lathi rebut bener lan
kuwat

Emoh! Aku emoh mandeng maneh
Sakehing potretmu kanthi busana adi
Selpi rerangkulon lakon nyalawadi
Kojahmu kang endah ngresep ati
Ngegla dadi dredah mbujung rajapati

Mripat

Geneya kudu weruh gedhene banjir luh
Mbandhang golek dalan tumuju
palagan
Kepengin nyuntak tangis ing ngarepe
mimis-mimis wengis
Amrih keprungu panjerite si bujang lola
Kelangan lacak merga petenge
panjangka

Mripat

nawa durung wuta
Isih kepengin anyekseni si
kulup jejer jejeg mitayani
Nganthi pedhang lan
kembang melathi
Nigas laku mangas
Nyebat ganda arum
ing sumlesepe
ampak-ampak
-Kebumen, 2017 01
16-

Me

Bisa dakeja dawane crita saka rambut kang
wus malih rupa
Kamangka ana panggantha kang durung
kajangka

Ing pojok pengilon kae awes sasmita
Kaya-kaya tutuge crita isih bisa luwih dawa
Esem semu kecut malih mekar ngrembaka
-- Aja wedi kanyatan kang durung teka
Akeh kang luwih ringkih mbudidaya
Ranggeh-ranggeh nyawa kanthi teken tilas
cagak gendera

Oh... Dudu mangkono kang dakpuja
Tuwa dakugemi dadi tutuge nyawa
Yoben bae kecandhak playune warna putih
Kang pucete kaya kurang getih
Ora bakal dakdawa-dawa satron lan
pancakara
Aja nganti rambut iki ganti ngeja

Ana dalan mesthi diwaca anak putu titisane
Bharatayuda
Tansah dakeling-eling kramase Drupadi
mawa ludirane Sengkuni
Tansah dakugemi prasetyane Abimanyu
marang Utari
Tansah dakgegem gregete Bima kaya nalika
nyekel rujakpolo
Nanging ilining getih putihe Yudhistira
ngarih-arit aja seneng gendra

Apa ta gelane yen rambut iki ilang
jangese
Piye ta tundhone yen rambut
iki wis nyambel wijen
Wong mengkone uga
bakal bali ijen
Geneya ta ndadak
nyinglon mlebu salon
Yen ati iki ora beda karo
bunglon

Rambut putih
Kethu putih
Kucir putih
Gawe ati liri
-Kebumen, 20170116-



Biodata Panggurit

Kinanti Ayano, jeneng singlone Eko Wahyudi,
nyantrik nggurit ing maneka kalawarti,
sedina-dinane mulang basa Jawa ing SMP N 1 Karangsambung Kebumen.
Nate mbabar buku antologi geguritan kanthi tetenger Prasasti (2014)



Maskumambang

He wong mukmin, sira kabeh kudu
bekti
Bektiya mring Allah
Aja padha sira mati
Kejaba mati ing Islam


He wong mukmin, sira mlêbu Islam
iki
Mesthi kudu kaffah
aja manut setan iki
setan iki satrunira.

Prayogane ana sagolongan siji
Nuntun mring agama
lan akon tumindak becik
nyegah ala padha begja

He wong mukmin kabeh sira wajib
ngerti
Apa ta Khilafah
Tata nagara Islami
Ngestokna syariah Islam

He wong mukmin apa sira ora
wedi
Mati jahiliyah
Mula aja sira mati
Kejaba ngangkat Khalifah

Dening : Lutfianto
Guru Bahasa Jawa SMAN 1
Pajangan Bantul



Dhialek Dadi Basa, Bisa Ora?

Dening : Suwandi

Sawise Kongres Bahasa Jawa (KBJ) kagelar makaping-kaping (saorane nganti taun 2016 iki wis kaleksanan kaping 6), ana sebageyan dhaerah ing Jawa Tengah lan Jawa Timur kang ora sarujuk yen basa ing dhaerahe dianggep basa Jawa dhialek, kayata dhialek Banyumas lan dhialek Osing. Racake dheweke ora trima, yen basane mung dianggep dhialek saka basa Jawa. Dheweke padha protes keras, kang intine ora trima lan kepengin basa dhialeke iku dadi basa dhewe cocog karo wilayahahe, kayata basa Banyumas (ing wewengkon Banyumas) apadene basa Osing (ing wewengkon Osing, Banyuwangi Jawa Timur).

Bokmanawa tumrap dheweke, basa dhialek iku dianggep basa asor, dianggep sepele lan mung dianggep “cabange” basa Jawa. Gandheng mung dianggep “cabang”, mula anggepane ora kerumat, ora diopeni, ora digatekake, lan mung dianggep sepele. Malah kadhang kala ana kang ngandhakake mung dadi basa lelucon. Apa ya mangkono mau bener panemune?

Miturut sejarahing basa, (cara bodhon) mesthi wae kang dijenengake basa dhialek iku ya mung digunakake enggon-enggonan (mung winates ing wilayah tartamtu). Dadi, para linguis utawa ahli basa wis nggawe batesan kang cetha endi kang klebu basa lan endi kang klebu dhialek, klebu ing basa Jawa lan dhialek-dhialeke. Iku panemune para ahli basa, kang pancen profesine nlinti bab basa. Yen miturut para linguis jaman biyen (embuh yen linguis jaman saiki, panemune kepriye), basa kang sumebar ing Banyumas lan Osing iku dianggep dhialek saka basa Jawa. Kok dianggep dhialek saka basa Jawa, ya mesthine miturut linguis jaman biyen,

basa ing wilayah kekarone mau isih akeh unsur-unsur kang padha karo ing basa Jawa. Mula banjur dianggep dhialek saka basa Jawa. Iku panemune linguis jaman biyen.

Nanging nyatane, kanthi owahing jaman (ana perkembangan jaman) para pawongan kang manggon lan nggunakake basa dhialek ing rong wilayah kasebut, umume ora gelem yen basane dianggep dhialek saka basa Jawa. Ora ngerti apa alesane, bisa uga kanggo ningkatake drajat utawa pancen “dianggep” beda banget karo paramasastra baku ing basa Jawa, mulane nganggep basane kuwi sadrajat karo basa Jawa, ateges dadi basa dhewe kang pancen beda karo basa Jawa.

Apa maneh, akeh pawongan saka wilayah dhialek kasebut uga minangka tokoh masarakat kang dadi panutan saka wargane. Saliyane iku, dheweke uga nduweni “kekuwatan” kanggo nggerakke supayane basane bisa kaangkat sebandhing karo basa Jawa. Lan maneh, ing jaman saiki, wilayah-wilayah kasebut uga nduweni otoritas nemtokake “kebijakan” dhewe-dhewe ngengingi kekhasan, klebu ing bab basa. Intine, kanthi “politik wilayah” kepengin basane didadekake lan diakoni minangka basa dhewe sadrajat karo basa Jawa. Dadi kaya ing pamarentahan, kayane dhaerah-dhaerah kang nduweni dhialek basa iki kepengin dadi wilayah kang otonomi, kepengin “ngelola” dhaerahe dhewe, klebu “ngelola” lan nemtokake bab basa.

Owah gingsiring jaman, apa


maneh ing jaman otonomi, pancen ora apik yen ngekang sawijining dhaerah kepengin “ngelola” dhaerahe dhewe, klebu bab basa. Mula pancen apike dhaerah-dhaerah kasebut diwenehi kalodhangan kanggo nemtokake basane. Kepengin didadekake lan kepengin diakoni basane, mesthi wae cara kang wicaksana. Apa maneh masarakate nyengkuyung bab iku. Masarakat rumangsa nduweni lan mongkog marang basane dhewe. Rumangsa seneng ngembangake basane dhewe, kanggo pocapan padinan apadene kanggo kaperluwan-kaperluwan liyane, kayata pelajaran ing sekolah, patemon resmi ing kantor, lan nggawe buku. Dadi aja nganti, amarga mung dadi basa dhialek, warga masarakate dipeksa marsudi utawa “mempelajari” lan nggunakake basa standar (basa Jawa baku). Dene basane dhewe ora diupakara, kejaba mung kanggo wawan rembug padinan kang ora resmi ing kulawarga lan tangga kiwa tengen. Ananging, kabeh mau dibalekake maneh marang para linguis kang sarjana sujana apadene para panguwas

a dhaerah kang nduweni

i

“kebijak politik wilayah re basa

a n ” ing meka Jawa.





Petirtan Dewi Sri pinuju banyune agung,
yen pinuju banyune asat bakal katon ing tengah kolam ana arca Dewi Sri

Petirtan Dewi Sri ing Magetan Digunakake Kanggo Sesuci lan Pengairan

Menawa wae akeh sing durung ngerti yen Kabupaten Magetan ing Provinsi Jawa Timur akeh nyimpen situs-situs kang ngandhut sejarah sing mligine tinggalan saka jaman Hindu-Budha. Salah sijine tinggalan sejarah iku mau wujud petirtan kang aran Petirtan Dewi Sri. Situs sejarah sing dipercaya kabangun watara abad IX iki mapan ing desa Simbatan Kecamatan Nguntoronadi. Senajan durung kinawruhan sapa sing mbangun situs petirtan iki, nanging

dinuga situs iki mujudake tinggalane jaman Mataram Kuna. Yen dibandhingake klawan sauntara situs-situs liyane situs kang manggon ing sacedhake area persawahan lan cedhak klawan pemukiman warga iku nduweni kaunikan yen dibandhingake klawan situs-situs liyane. Kaunikane manggon ing wujud situs dhewe. Ing perangan tengah saka situs iki bisa kadulu arca nandi lan arca Dewi Sri. Emane nalika Swaratama sanja menyang Petirtan Dewi Sri iki mau banyune kolam lagi agung.

Saengga kaya ngapa wujud arca-arca sing manggon ing situs iku ora bisa kadulu jalaran karendhem banyu.

“Yen nepaki mangsa ketiga wewujudan arca-arca sing manggon ing satengahe petirtan bisa kadulu kanthi cetha. Nanging amarga banyune lagi agung arca-arca mau ora bisa kadulu jalaran padha karendhem banyu. Saliyane ana arcane ing satengahe petirtan ana ruwangan-ruwangan cilik sing disingget-singget. Dinuga perangan iku ing biyene digunakake kanggo sesuci,” ujare Pak

Pak Samiran, juru kunci Petirtan Dewi Sri

Samiran, minangka juru kunci situs.

Ditambahake dening Pak Samiran kalungguhane situs iku tekan seprene migunani banget tumrap warga sakiwa tengene ing dinane iki. Jalaran situs sing banyune ora nate asat kuwi saliyane digunakake kanggo sarana rekreasi uga digunakake kanggo pengairan. Ing perangan liya marga situs kasebut mujudake tinggalane era Hindu-Budha, tekan seprene isih ana pawongan kang nggunakake situs kasebut kanggo nindakake ngibadah.

Kahanan situs Petirtan Dewi Sri dhewe ing dinane iki katon luwih endah yen dibandingake klawan lima utawa pitung taun kepungkur. Kahanan iki disebabake amarga taun 2014 kepungkur situs sing kabangun taun 813 Saka iki rampung anggone renovasi. Ngenani wektu kanggo renovasi situs Petirtan Dewi Sri iki kagolong suwe.

“Wektu sing digunakake kanggo ngrenovasi situs iki pitung taun suwene. Kahanan sing kaya mangkene dumadi jalaran anggene masang bata anyar kanggo ngganti bata sing wis aus kudu golek dina sing apik. Yen dinane ora apik utawa trep ana wae alangan sing dumadi lan dialami dening para pawongan sing kapatah kanggo ngrenovasi situs iki,” tambahe Pak Samiran

Sing ngrenovasi situs iki yaiku petugas saka BPCB Trowulan kang kabiyantu dening warga. Ing kalane renovasi ditindakake, ana sauntara perangan kang gawe gumune para pekerja. Rasa gumun iku mau tuwuh jalaran nalika banyu sing manggon ing situs iku mau disatake kanthi cara disedhot nganggo

dhisel cacah papat. Diweruhi yen ing njero situs iku mau ana gorong-gorong utawa terowongan raksasa sing dhuwure luwih saka sapengadeghe wong diwasa. Para pekerja sing weruh terowongan iku mau bisa mung ngira-ngira terowongan iku mau tumuju menyang arah ngendi. Para pawongan sing kapatah ngrenovasi situs Petirtan Dewi Sri ora wani mlebu menyang njero terowongan marga wedi bakal kesedhot dening iline banyu sing ana ing kono.

“Ana sing kandha terowongan kuwi nganti tekan laladan Ngawi. Upama kandhane wong iku mau bener. Kira-kira wae dawane terowongan iku mau luwih saka 25 km,” tambahe Pak Samiran.

Saliyane ditemokake terowongan gedhe, uga ditemokake terowongan-terowongan cilik. Hla yen terowongan cilik iki mau bareng ditlusur jebule arahe menyang pategalan warga. Dadi saka kene bisa diwenehi dudutan yen banyu saka Petirtan Dewi Sri iki saliyane

digunakake kanggo sesuci uga nate digunakake kanggo ngileni sawah-sawah kang ana sakiwa tengene.

Rikala banyune situs iku mau disatake, saka njero kolam kasil ditemokake sauntara piranti sing digunakake kanggo mapanake sesaji lan ana maneh sauntara piranti urip saben dina. Nitik saka wujud tinggalan-tinggalan mau sing wis alus lan apik cara nggawane bisa dikandhakake yen warga sing biyen manggon ing sakiwa tengene Petirtan Dewi Sri iki klebu maju senajan manggon ing cedhake Gunung Lawu.

“Tinggalan-tinggalan jaman biyen sing nguatake dudutan yen petirtan iki saliyane digunakake kanggo sesuci uga kanggo ndhukung pertanian bisa didulu saka relief-relief kang ditemokake ing njero kolam. Ngenani relief-relief kang nglambangake pertanian iku saiki wis diamanake dening pihak BPCB Trowulan,” tambahe Pak Samiran.

Ing perangan liya, situs tinggalan jaman





Hindu-Budha uga didadekake papan kanggo nindakake upacara adat saben taune. Upacara adat sing dianakake ing Petirtan Dewi Sri iki klebu unik lan angel golek pepadhane. Ing kene saben dina Jemuah Pahing sasi Sura tansah dianakake tandhak iwak. Saliyane tandhak iwak ing dina kasebut uga dianakake bersih desa kang diisi kanthi maneka acara.

Tandhak iwak ngono mujudake tradhisine warga desa Simbatan sing wujud njoged sinambi nggawa iwak. Ngenani iwak sing dijogedake iku mau jinise iwak kutuk lan iwak mau dijupuk saka kolam patirtan. Sawise iwak dijogedake iwak mau banjur dibalekake maneh menyang njero kolam. Kanggo nindakake tradhisi iki sing paling angel yaiku carane njupuk iwak.

"Iwak mau anggene njupuk ora kanthi cara dipancing nanging dicekel nganggo tangan. Mula saka anggene njupuk kudu nganggo tangan. Banyu sing ana ing



Sawetara peninggalan kang ditemokake ing Petirtan Dewi Sri

njero petirtan iki kudu disatake kanthi migunakake dhisel. Sawise banyune rada angglong sauntara warga ana sing ngresiki kolam lan liyane ana sing nyoba nyekel iwak kutuk. Sawise iwak kutuk kecekel lagi tandhak iwak ditindakake," jelase Pak Samiran.

Yen manut critane Pak Samiran iwak kutuk sing urip ing njero kolam patirtan

dewi Sri iki klebu iwak mistis. Mula saka kuwi ora ana pawongan sing wani nggawa mulih iwak kutuk iku mau kanggo dikonsumsi. Jalaran yen nganti wani nggawa mulih iwak kasebut, utawa kepara wani ngonsumsi iwak kutuk sing dijogedake iku mau bakal ana kedadean ala sing bakal dialami dening pawongan lan kulawargane sing wani nggawa mulih



Peninggalan kuna kang ditemokake ing Petirtan Dewi Sri

utawa ngonsumsi iwak kasebut.

Ngelingi situs Petirtan Dewi Sri iki mujudake tinggalane leluhur jaman biyen. Pak Samiran minangka juru kunci nduweni pangajab sapa wae gelem melu nguri-uri lestarine situs iki. Awit situs iki penting kalungguhane kanggo meruhi kaya ngapa panguripan masyarakat jaman biyen. Lan saka meruhi panguripan masyarakat jaman biyen iku bakal bisa nuwuhake rasa mongkog ing atine generasi jaman saiki. Saengga saka kono tuwuh krenteg kanggo nggulawenthah dhiri supaya dadi pribadi kang luwih becik.

“Yen ing jaman semana leluhure dhewe wis bisa gawe wewangunan sing apik kaya mangkene. Kita minangka generasi penerus kudu bisa nglestarekake lan tansah sinau supaya dadi pribadi sing luwih becik. Saka kono bakal bisa lair generasi-generasi pinunjul kaya kang dikarepake dening para leluhure dhewe,” pungkase Pak Samiran. *Zuly Kristanto*



Bata kuna ing sacedhake Petirtan Dewi Sri

Tinggalan kuna
kang ditemokake
ing sakiwatengene
Petirtan Dewi Sri



Tinggalan kuna kang ditemokake






Crita Katresnaning

Mudha-Mudhi Kang Beda Keyakinan

Irah-Irahan	: Uran-Uran Katresnan
Panganggit Novel	: Tulus Setiyadi, STP.
Penerbit Novel	: Lentera Ilmu
Desain Sampul	: Mitra Kreatif
Publishing	
Kutha Terbit	: Lamongan
Taun Terbit	: Juli, 2016
Kandel Novel	: IV+132 kaca
Cetakan	: Kapisan
ISBN	: 978-102-25829-1-5



Katresnan beda keyakinan tumrap rumaja minangka tema kang nengsemake kanggo diangkat dadi crita kaya kang ditulis dening Tulus Setiyadi, pengarang saka tlatah Madiun. Tulus Setiyadi pancen pengarang Jawa kang produktif. Akeh novel kang diasilake dening pengarang siji iki. Salah sijine durung suwe iki entuk penghargaan saka Balai Bahasa Jawa Timur. Dene, novel kang dirembug ing kene yaiku kang asesirah Uran-Uran Katresnan.



Novel iki nyritakake sepasang rumaja kang nandhang katresnan nanging beda agama, yaiku Fitri lan Kristiono. Kekarone ketemu nalika sinau ing Yogyakarta. Saka tetepungan kuwi mau, thukul winihing katresnan. Ananging, sesambungan bocah loro mau ora disetujoni dening kulawargane amarga duwe keyakinan kang beda.

Konflik kang ana ing crita iki kagolong komplit. Wiwit saka crita kekancan, katresnan, nganti kulawarga. Novel iki uga kagolong beda tinimbang novel-novel liyane. Novel iki cocog diwenehi irah-irahan Uran-Uran Katresnan amarga konflik katresnane sing ruwet lan pungkasan critane angel dibedhek satemah bisa gawe rasa penasaran pamaos. Pengarang novel iki yaiku Tulus Setiyadi, ngajak pamaos mlebu ana ing sajeroning crita kang

nduweni konflik batin. Crita iki nggambarake kahanan tresna kang ora gampang amarga beda keyakinan. Nanging, cerita iki bisa nyadharake para pamaos supaya bisa sabar lan narima anggane ngadhepi salah sawijining kahanan sing angel supaya bisa kalaksanan apa sing dadi kekarepane.

Basa sing digunakake kalebu basa Jawa standar, yaiku basa Jawa kang kaprah dinggo ing Jawa kayata Yogya, Solo, Semarang, lan Magetan. Papan-papan sing ana ing crita iki uga panggonan nyata sing tarah ana, kayata Terminal Giwangan Yogyakarta. Saliyane nggunakake basa Jawa, penganggit uga nyelipake geguritan sing bisa nyengkuyung isining crita kang kebak konflik batin kuwi mau, satemah crita katresnan antarane Fitri lan Kristiono bisa luwih apik lan dramatis.

Novel iki senajan klebu tema katresnan nanging kisah utawa critane ora sedhik (melow) kaya novel-novel katresnan liyane. Sewalike, crita ing novel iki malah nggugah semangat nggayuh katresnan senajan beda agama. Saliyane kuwi, crita ing novel iki uga kajlentrehake kaya nyata anane, dudu kaya digawe-gawe satemah pamaos uga bisa ngrasakake crita ana ing novel Uran-Uran Katresnan iki.

Nanging, yen dideleng saka segi penokohan, novel iki kurang kompleks amarga paraga sing kagolong sithik yaiku amung Fitri, Kristiono, Ibune Fitri, Kyai Misbah, Pak Gunawan, Mas Tony, lan Wahyu. Satemah, ana perangan critane kang karasa monoton. Nanging, saka kabeh keluwihan lan kekurangane, novel iki becik dadi wacan.

Resensi Buku : Dea Shalehalistya L.



Layang Saka Sedulur



Kangge nambah bobotipun majalah *Swaratama* sumangga sami nyerat penyaruwe, uneg-uneg, utawi pengarep-arep. Selajengipun dipun kintun kemawon dhateng majalah.swaratama@gmail.com

Supatane Begawan Sukra

7

DENING BANUARLI AMBARDI

DEWANYA NYARITAKAKE LELAKON
SING MENTAS DIALAMI MARANG
BESAWAN SUKRA.

RAMA ORA NGIRA
BABAR PISAN, YEN KO-
WE NGALAMI LELAKON
KANG NRENYUHAKE...

NAMPA PANGINA
SAKA
SARMISTHA.

MENAWI SAESTU
MAKATEN... TENTUNIPUN
LIGI SAGET MINANGKANI
PANYUWUN KULA LI-
MANTAR KANTENG RAMA.

SUMURUPA...
SING DIKANDHAK-
AKE SARMISTHA
ORA BENER.

MALAH SEJATINE
RAMA IKI KANGGSEP MI-
NANGKA PANGAYOMANING
PRABU WRESAPARWA

SARTA WENANG
MURBA - WASESA
RAJA - DARBEKE
SANG NATA.

KOWE DUWE
PANYUWUN
APA?

PANYUWUN KULA,
DEWI SARMISTHA KEDAH
TANSAH LELADI DHATENG
KULA - NGANTOS DUMUGI
KULA NAMBLUT SILANING
AKRAMA.

7



Cah Dolanan Dhakon

Sluku-Sluku Bathok

Sluku-sluku bathok
 Bathoke ela-elo
 Si rama menyang Sala
 Oleh-olehe payung motha
 Mak jenthit lolo lobah
 Wong mati ora obah
 Yen obah medeni bocah
 Yen urip goleka dhuwit.

